

MESAJE ASWÈ A



Mèsi, anpil. Seyè a beni nou.

Nou mèt chita.

² Pitit gason m nan te isi a jodi a, epi li di: “Papa, mwen swete nou te wè legliz sa anvan nou te kòmanse bati pa nou an, se sitelman yon bèl plas.” Epi li te pale de . . . Li te di: “Mwen poko janm rankontre minis la, men si l se yon moun janti menm jan ak madanm li, se sètènman yon moun janti.” Kifè nou kontan pou nou isi a.

³ E mwen—m ap tann ak enpasyans reyinyon an—an aswè a, ke Bondye vide benediksyon L yo sou nou epi ede nou.

⁴ Kounye a nou . . . M fèk antre, e m te tande Frè Williams, mwen kwè, ki t ap mansyone yon bagay kòm kwa nou t ap nan Ramada a. E mwen sipoze ke anons yo te fin fèt, sou sa a. Dabitid yo okipe de sa anvan m antre. E sètènman nou espere pase yon bon moman nan konvansyon an. Epi wòl mwen isit la se senpleman pou m deplase yon ti kras epi rankontre frè yo epi fratènize ak moun yo, epi priye ke Bondye va ban nou yon—yon bon jan estimilasyon, epi nou ka ale tou dwat nan Ramada a nan yon gran reyinyon. E kidonk n ap eseye vizite otan legliz ke posib, anvan sa a. E n ap pase yon gran moman. Se sètèn n ap pase yon moman mèveye kominyon fratènèl pami frè nou yo.

⁵ E dabitid mwen . . . Nenpòt moun konnen mwen pa twò yon predikatè, mwen se jis yon jan de kawotchou de rechany. Men mwen—mwen . . . Ministè m se priye pou malad yo. E mwen . . . Nou te telman gen sware ki te boure ak moun, ak tout bagay, ke nou te ka apèn gen ase plas pou sa. E nou pral eseye si nou . . . lè nou rive nan kote nou kapab, isi a, pou distribye kèk kat epi fè moun yo antre epi priye pou yo. Men pou gen yon sèl sware reyinyon alafwa, moun ki pa t pase jou swa sa a epi alò yo t ap voye yo la a nan yon lòt kote nan sware apre a, epi apre sa yon lòt kote; konsa mwen jis fè yon—yon ti—yon ti pale chak swa pou moun, epi mwen fè tout sa m kapab pou yon jan . . . pou onè ak glwa Jezikri, e Sila nou tout renmen an epi kwè a, ak kominyon nou ansanm.

⁶ Mwen sipoze nou te tande pale de aksidan an nan kwen an, jis kèk moman de sa. Mwen pa konnen si nonm lan te mouri, oswa nenpòt kilès li te ye a, machin lan te pase la. Nou te jis rete, jis pou di yon mo priyè, kèk moman de sa. Anviwon de blòk pi wo isi a yon moun te frape sou kote epi li te tonbe pi lwen nèt nan lari a. Epi yo te kouvri yon gwo moun laba a. Epi polisye yo te la, men mwen pa panse ke anbilans lan deja rive la a. Yo dwe . . . Si li pat mouri, sètènman li te . . . Yo te frape l sou bò sa a epi yo

te pwojte l atravè pòt la sou lòt bò a, Kidonk, sa dwe te yon kou vyolan. Ou konnen, se jis . . .

⁷ Nou dwe sèvi Bondye chak minit. Nou pa konnen ki lè—nou pa konnen ki lè bagay sa yo ka rive. Petèt nou panse sa p ap rive nou, men ou konnen li posib, ou konnen. Kifè, mwen kwè Jezi te di: “Se pou n pare,” paske nou pa konnen ki minit oswa ki lè yo ka rele nou. Epi nou prale nan yon plas kote ki pa gen aksidan, ni pwoblèm. Nou sitèlman kontan gen yon kote konsa ki pwomèt.

⁸ Nou konnen, menm panse a, aswè a, pou—pou wè ke nou vle rive nan yon kote konsa, sa montre gen yon kote konsa. Ou wè? E nou konnen ke tout negatif yo, tout lonbraj, dwe gen yon bagay pou fè yon lonbraj. Yon lonbraj se yon reflè. Kifè si gen yon vi konsa, sa pwouve ke se yon lonbraj, alò gen yon vrè vi yon kote li reflete. Ou wè? Nou remake yon pyebwa, jan yon pyebwa bèl. E nou konnen kisa sa ye? Se tip negatif, lonbraj la, Pyebwa Lavi a nan Syèl.

⁹ Kounye a, nou konnen, lè Bondye te vin sou tè a, lè Li t ap kouve tè a nan kòmansman an, e petèt premye bagay ki te vin parèt se te yon—yon teta, jan syantifik yo eseye di a. Pwochen bagay la se te petèt yon bagay . . . Mwen kwè nan vrè evolisyon Kreyen an, men mwen pa kwè tout bagay soti nan yon sèl selil. Mwen kwè se jis . . . Bondye te fè yon teta, epi Li te fè yon pwason, epi Li te fè yon lòt bagay. Epi jis . . . Mwen kwè nan evolisyon an, pa pa menm selil la, men yon kreyati diferan tout tan.

¹⁰ Epi answit Li te kontinye, pou ap kreye espès ki siperyè, epi apre yon moman sa te reflete Sila ki t ap kouve a, ki te Bondye. Kounye a, pou pwouve ke se vre, lè Bondye te fèt chè se te Jezikri, yon nonm. Ou wè? Kifè, pa yon Zanj, yon nonm. Kifè sa montre byen ke sa te reflete L.

¹¹ Epi, o, vye Bib sa ranpli ak vye bon pepit lò sa yo. Mwen jis . . . Mwen jis renmen pwospekte (pa noumenm?) epi jis antre la epi souke tout pousyè a soti sou Li, epi gade Li epi wè kisa Li ye. Se ke bijou yo, nou menm ki rete isit la nan Arizona, nou konnen gwo bijou yo soti nan pousyè tè a. Se la yo soti. E bijou Bondye yo soti nan pousyè a, tou. E Li . . . Nou tèlman kontan ke Li ba nou privilèj pou nou antre nan gran rafinri L la, epi tout salte yo te soti.

¹² Nou konn kijan yo te abitye fè? Natirèlman, nou menm moun Arizona yo konnen kijan yo . . . anvan yo te gen fondri yo, kijan yo te abitye rafine lò a. Yo di nou ke yo te pran lò a epi yo bat li. Ansyen Endyen yo te abitye fè sa, yo te bat li. Epi yo jis vire l tounen, epi yo bat li epi bat li, jouk yo retire tout salte yo ladan l. E fason yo te konnen ke tout sa te soti (tout pirit la ak bagay ki ladan l, tout sa a), lè yo te konnen kijan, se lè batè a te wè reflè li nan li, li te ka wè tèt li. Alò li te konnen li te vin klè, lè li te reflete pwòp imaj li.

13 Epi, nou konnen, mwen panse se fason sa Bondye vle fè Legliz Li a, jis fè soti tout bagay lemonn lè yo bat li jouk reflè Jezikri ap viv nan nou chak epi nou refleto Lavi Li. Alò nou pare lè sa pou pa L la . . . Li refleto Tèt Li atravè nou nan moman sa, lè nou gen . . . mete tout pwa sou kote ak peche ki sitelman fasil pou vlope nou, pou nou ka kouri ak pasyans kous ki mete devan nou an, nan gade Egzanp lan, Otè a ak Pèfeksyonè Lafwa nou an, Jezikri. Nou tèlman kontan pou Sa!

14 Bon, dabitid mwen di chak swa . . . Mwen di Frè Carl Williams, mwen di: “Frè Carl, moun sa yo pa vle tandè m ankò, m te monte desann nan vale sa yo, m te kenbe yo pandan de oswa twazèdtan nan aswè.”

Li di: “Ebyen, ebyen, vini non.”

15 Kifè mwen apresye pasyans nou nan—nan envite m tounen ankò. E kounye a chak swa . . .

16 Mwen te pale ak madanm mwen yon moman de sa, anba . . . Li nan Tucson kounye a, epi mwen di: “Kijan tan an ye?”

17 Li di: “L ap chofo.” Epi li di: “Èske w respekte orè a?”

Mwen di: “Jis egzakteman, anviwon dis oswa onzè chak swa.”

18 M te di l: “M pral pran yon ti repo lè m va rive Arizona fwa sa pou ti reyinyon sa a. M pral vizite legliz sa yo, frè sa yo. Mwen pa pral pini moun sa yo, mwen pral jis antre la epi mwen pral kite sèvis chan an fini, moman jibile a. Mwen pral limite tèt mwen, mete nòt mwen yo jouk apeprè kenz, ven minit, di ‘Amèn’ epi al lakay mwen.”

Li di: “Èske w respekte orè a?”

19 Mwen di: “Wi, cheri, mwen respekte l; orè regilye a, jiska twazèdtan.” Moun ki vrèman debyen; ki gen anpil pasyans.

20 Ebyen, annou koube tèt nou jis yon moman kounye a pandan n ap apwoche L. Bon, mwen sèten ke nan yon bèl oditwa moun konsa ki kwè, e sitou . . . Mwen wè de branka ki lonje isi a, moun ki malad e ki nan nesosite, mwen konnen yo gen rekèt espesyal. Pa gen dout ke gen anpil lòt ki gen rekèt sa yo. Si se sa, jis leve men nou anlè epi jis kite yo konnen l pandan nou leve men nou. E kounye a nan lapriye mwen prale epi priye pou moun sa yo ki sou branka sa yo, pandan—pandan nou isi a, konsa nou sèten ke nou rive fè l. Si yon bagay rive . . . Yo te fidèl ase pou yo te mennen yo isi a, mwen vle nou tout priye avè m.

21 Papa nou ki nan Syèl la, nou mete tout lòt panse sou kote kounye a, nou netwaye lespri nou, e nou vini nan Prezans Ou pou pirifye nanm nou. Epi nou plase devan nou San Seyè Jezi a. Nou konfese ke nou pa merite okenn benediksyon ke Ou ta vle ba nou, men se paske Li te mouri pou nou te ka rive jwenn benediksyon sa yo, epi yo te di nou pou nou vini avèk asirans devan Twòn lan, ke nou gen aksè a benediksyon sa yo atravè gras Seyè Jezi nou

an, Ki te vin sou tè a, Emanyèl, e ki te pran plas pechè a. Li te vin *nou*, o, pou nou te ka vin *Li*.

²² Ala yon echanj, Seyè! Yon vi peche, ki destine pou al nan lanfè ke nou te genyen, e pou konnen ke Sila a te vini e L te pran lavi sa sou tè Li, epi te pirifye peche nou yo ak San Pwòp Vi L ki te koule a. Se plis pase sa kè nou te ka menm panse, Seyè. Epi, anplis de tout sa yo, Li te fè yon fason pou retire inikite nou an epi pou geri nou ak blesi Li yo. Nou tèlman rekonesan ke Li te pwomèt ke Li t ap kenbe nou an bòn sante pandan ke n ap sèvi L.

²³ E kounye a aswè a, Papa, gen anpil demann ki te . . . ak men yo leve. Nou konnen ke W ap konsidere chak grenn nan yo, nan konnen sa k deyè chak men, nan chak kè.

²⁴ Epi mwen mande, Seyè, ke Ou va sonje Pawòl la aswè a pandan n ap li Li; epi medite sou Li tankou yon ti leson, tankou yon lekòl dimanch, pou nou ka kite isi a aswè a epi—epi gen sa nan kè nou, ke nou santi tankou ke nou pi pre W, lè n ap soti, pase nou te ye lè nou te antre. Se poutèt sa nou isi a, pou sa ka pote yon revèy toupatou nan peyi a, san nou pa konnen jis kilè li ka kòmanse, men avèk enpasyans n ap tann sa, Seyè. N ap mete tout efò imen ke nou konnen kijan pou n pote yon revèy ki mennen fason ak fanm, ti gason ak tifi, pou yo genyen konnesans sali ki soti nan Kris la.

²⁵ Nou vle remèsye W pou legliz sa, pou pastè debyen li a ak fanmi li, e pou tout dyak yo, administratè yo, e pou tout sa li reprezante. Nou di W mèsi pou sa yo ki vanyan pou kanpe la avèk nou. Epi, Seyè, nou jis priye pou benediksyon Bondye yo repoze sou yo. Beni tout efò. Ke sa se yon estasyon, Seyè, kote tout vale a isi a ka antre epi jwenn repo. Akòde l, Papa. Ke priyè pastè a jwenn repons pou malad yo. Ke priyè l yo jwenn repons pou sali, pou tout sa ki nan—nan rapò ak Levanjil la. Ke benediksyon W yo ka sou li. E ke legliz la pa manke okenn don esprityèl, ke li ka yon plas, yon legliz egzanplè pou tout kominote a. Akòde l, Seyè.

²⁶ Kounye a, Papa, yo lonje sou branka yo isi a aswè a, sila yo ki pa ka chita epi jwi reyinyon an, se sa yo ki pa gen privilèj sa. E yo arive plase yo isit la yon fason, aswè a. O Bondye, gen pitye! Mwen panse: “E si se te madanm mwen oswa frè m, oswa yon moun ki te yon fanmi m, ke m te konn vrèman byen?” Se sa yo ye pou yon moun, e mwen priye, Papa, ke gras Bondye, avèk pwisans Li, pral rive desann nan delivrans Divin pou yo aswè a, epi delivre yo anba branka sa yo. Ke yo pa nan branka sa yo pi lontan pase reyinyon sa aswè a. Ke, lè yo pati, branka yo lese deyè. Ke pwisans, ki te resisite Jezi pami mò yo, bay kò yo lavi pou yon nouvo sante ak fòs ankò. Akòde l, Papa nou. Kounye a, nou konnen ke Ou te pwomèt pou fè l.

27 Se poutèt sa, sa ekri nan Lèzekriti: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.”

28 Kounye a, Papa, petèt pa gen pèsonn ki ase pre pou touche yo, alòske gen lòt ki ase pre youn ak lòt pou fè sa, m pral mache desann pou m komemore kòmandman sa a. E, Bondye, mwen pral atann pou m resevwa yon lèt de yo, ke sa te fèt, paske mwen ale nan Non Jezikri.

29 [Frè Branham kite lestrad la pandan twa minit edmi pou l priye pou sa yo ki sou branka yo, yo pa tandè pawòl li yo—Editè a.]

Seyè, mwen kwè, O Seyè, mwen kwè,
 Tout bagay posib, Seyè, mwen kwè;
 Seyè, mwen kwè, Seyè, mwen kwè,
 Tout bagay posib, Seyè, mwen kwè.

30 Kòm toulède medam yo te gen timè, sou youn nan yo te gen kansè, Epi, mwen ka byen vit bay ti temwayaj sa a, menm si mwen oblije koupe nan diskou mwen an. Jis anvan m te kite lakay la, dènye ka m te genyen anvan m te kite a, se te yon ka eksepsyonèl, te gen yon dam e li te rele Dyer; se te non li, mwen bliye non li kounye a. Se te Doktè Dyer, ki soti nan Louisville. Yon James, Doktè James Dyer, yon espesyalis sou timè, e latriye, nan Louisville.

31 Pitit fi l te jwe pyano nan legliz Pòt Ouvè A, kote Doktè Cauble se pastè a; jis yon, o, gwo, kokenn ansyen sinagòg Jwif. E nonm lan limenm te fè pati Legliz Kris la, Legliz denominasyon Kris la, e li te konvèti nan kwè levanjil pa Levanjil konplè a, yon nonm trè debyen. E manzè te jwe nan reyinyon m lan lè m te genyen l nan Louisville, nan Memorial Auditorium nan. E li te sezi wè sa k te pase, e li te eseye pale sa ak papa l.

32 Misye di: “Se jis sikoloji. Moun sa yo jis malad menm jan yo te toujou ye a.” E kifè—kifè li pa t vle kwè Sa.

33 Finalman li te kite legliz la, li te marye ak yon jèn gason ki soti nan seminè Batis la, e finalman misye te elwaye de kwayans li. Li te resevwa fòmasyon pou l vin yon minis, e se fason sa Batis yo fè l. E alò yo. . . Finalman li te abandone, li pat vle preche. Epi yo te demenaje pou yo te pi pre fanmi li nan Rockford, nan Ilinwa.

34 Finalman limenm, Jean, te kòmanse gen kèk pwoblèm fanm. Li t al jwenn papa l pou egzamen, li te retounen nan Louisville pou egzamen. E, lè yo te fè sa, yo te jwenn sa yo rele “timè chokola a,” se nan glann femèl yo. Pandan papa l t ap retire l, pandan yon gwo operasyon, e li dwe te gaye yon pati nan timè a—a nan li. Epi finalman. . . Epi yo fè l kèk radyografi pwofon ak—ak terapi.

35 E alò apre sa lè yo. . . lè li te retounen lakay, e li te kontinye gen pwoblèm.

36 Anviwon yon lane pita yo te mennen l tounen pou yon lòt egzamen, epi yo te fè yon isterektomi konplè. Epi pandan papa l t ap opere l, avèk Doktè Humes, ki se youn nan pi gwo doktè nan Sid la, epi kansè a te deja gaye, li te anvlòpe kolon an. Alò yo te kite l la lè sa a pou yon moman. Apre sa li te eseye tretman ak reyon X ankò, e yo te wè sa pa t itil anyen, kifè yo te jis mennen l tounen lopital la pou . . . Yo pa t ka ba li okenn laksatif ankò pou fè entesten li bouje, kifè yo te eseye lave l ak yon lavman. E sa te rive ke dlo a pa t antre nan trip la ankò.

37 Kifè alò mari l te yon jan de youn nan moun k ap kritike m yo. E kifè finalman yon jou li te rive la epi l te pran bwochi a epi l te kòmanse li l. (E pitit gason m lan isi a ak Frè Sothmann, li se youn nan administratè yo, li isi a yon kote.) Epi li te jis lonje sou papòt legliz la, enben, pandan anviwon de ou twa jou, jiskaske . . . Mwen—mwen te pati pou yon seri reyinyon. Lè m retounen mwen—mwen t al wè manzè. Epi misye di m, li di: “Bon, li pa konnen ke li gen yon kansè.” Li di: “Jis al pale avè l epi priye avè l.”

38 E alò lè m te wè l, li di: “Frè Branham,” li di, “mari m pral aksepte gerizon Divin,” li di, “paske mwen pa t ka fè l gade youn nan bwochi yo, kounye a li li paj apre paj pou mwen chak jou, youn nan bwochi yo.”

39 Epi mwen di: “Mwen konprann sa, Jean.” Epi m di: “Kounye a, Jean, annou pale epi wè kisa Seyè a pral di.” Pa t gen moun nan sal la, enfimye a te rale kò l. E alò nou te pale yon ti moman, e apre yon moman te gen yon vizyon ki vini. Mwen . . . Li gen apeprè karant an, li poko gen cheve gri, men li te pi granmoun anpil ak cheve gri. Mwen di: “Jean, ebyen, ou te asiste reyinyon yo.”

“Wi, Frè Branham.”

40 Mwen di: “Yo te kache w sa, e yo te di m pa di l, men ou gen kansè.” Epi m di: “Papa w ak . . . Oswa mari w di: ‘Pa di anyen sou sa.’ Men ou gen kansè, Jean. Men, kounye a, mwen vle di ou, paske ou te nan reyinyon yo. Yon vizyon pa janm echwe. Kounye a mwen pral di w, Jean, se ENSI DI SEYÈ A! Ou wè?” Ou wè?

41 Bon, ou dwe vrèman sèten de sa, ou wè, ke . . . ke se Seyè a. Pa yon enpresyon; ou wè sa. Ou wè?

Epi mwen di: “Ou pral viv. Yo se . . . Li . . .”

42 Li di: “Frè Branham, mwen te sispèk sa depi lontan.” Epi li di: “Mwen te grandi nan yon fwaye ak papa m ki se yon doktè,” li di, “Mwen—mwen—mwen te sispèk sa.” Li di: “Mwen te panse sa depi lontan, se te egzakteman sa.” Nou te priye.

43 Nan demen, dezyèm jou a apre sa, yo ta pral monte anwo a avè l pou yon kolostomi. Sa vle di, nou konnen, yo koupe trip la epi yo mete yon sak sou kote a epi pasyan an jis . . . jiskaske yo mouri, kansè a finalman touye yo, entesten an vide nan yon sak. E jis lè yo te pare l, epi li te deja prepare epi pare pou tab operasyon

an, li te santi l vrèman etranj. Epi yo . . . li te rele enfimye a pou vin ede l al nan twalèt la—la. Epi, lè l te fè sa, li te gen yon eliminasyon nòmal konplè. Epi mari li—li te jis apèn kapab kwè sa. E dezyèm jou a . . . Yo pa t mennen l monte anwo a. Dezyèm jou a, nòmalman, jis apre dejene, yon lòt eliminasyon konplè. Alò li . . .

44 Doktè li te rele. Ant plizyè sanglo ak dlo nan je, li di: “M jis pa ka konprann, nou pa ka menm jwenn yon sèl sentòm nan sa ditou. Li disparèt.”

45 Bon, kounye a, presye sè m yo, mwen pa gen okenn rezon pou m kanpe isi a antan ke sèvitè Kris epi di yon bagay ki fo, paske yo t ap jije m nan jou sa, epi rejte, kòm yon ipokrit.

46 Kounye a, avèk Pawòl Bondye a ouvè, priyè mwen pou Jean pa t pi plis ni pi sensè pase sa mwen te fè pou nou an, ou wè. Nou jis te fè ti poto sa antre fon, nou konnen ke priyè lafwa a te pwononse. Sa regle kesyon an drèt la. Pawòl Bondye a di sa, ou wè: “Lapriyè lafwa va sove malad la.”

47 Kounye a, menm Bondye ki te geri pitit fi Doktè Dyer a, ki se Jean . . . M pa konn ki jan l rele kounye a. Men nonm sa sètènman te anbrase plen Levanjil la. Dènye sèmon an nan legliz la, men li te chita drèt la ap aksepte tout sa, li te pran kominyon avèk nou, ak tout lòt bagay, yon etidyan Batis te vin jwenn Seyè a pou batèm Sentespri a. Bon, sa jis montre ke Bondye rete Bondye.

48 Epi doktè a, papa l, yon mesye debyen, men li jis pa t janm wè anyen konsa rive.

49 Bon, Bondye gen yon tan pou tout bagay. Epi toutotan nou kwè, nou toulède se kwayan. Kifè pafwa bagay sa yo rive pou byen. Ou konnen, Bib la di: “Yo travay ansanm pou byen.”

50 Kounye a, sonje Jòb, tout eprèw li yo? Bon, se pa ke Bondye t ap chatye Jòb, men se te Bondye ki t ap rann temwayaj sou sèvitè Li. Kifè tout sa te travay pou byen, ou wè. Epi Liv Jòb la te ekri pou tout jenerasyon, pou yon temwayaj. Bon, Bondye fè sa travay pou byen.

51 Jis sonje, mwen te priye, ak tout kè m, priyè lafwa a. Kwè l, e la, sa va regle, se pral ka a sa, jis—jis obsève rezilta yo.

52 Kounye a, pou antre dwat nan mesaj la—la, (anpil moun kanpe), yon ti mesaj pou aswè a.

53 E—e jis sonje kounye a, la nan—nan Ramada a, pral gen kèk trè bon oratè nan konvansyon Ramada sa a fwa sa a, Biznis Menn yo, kifè nou . . . laba nan Ramada a. Kifè asire nou pou n eseye asiste seri reyinyon sa a. Frè Oral Roberts pral la pou sware bankè a.

54 E, kounye a, mwen yon jan fè pati Tucson on tikal, mwen pral kenbe fèm pou Tucson. Nou gen youn laba a, tou, lendi pwochen nan aswè, alò si nou rive vin nan zòn lan la, ebyen, vini laba a tou. E nou pral gen pou . . . ta ka sipòte m yon ti tan, paske mwen

sipoze preche nan sa. Alò vini si nou kapab madi pwochen . . . lendi pwochen nan aswè nan Motèl Ramada a, Ramada Inn lan, nan Tucson. E, natirèlman, nou tout konnen ke Phoenix se jis yon katye ki alantou Tucson. Nou tout konnen sa, ou wè, alò—alò vini pou wè kijan moun mòn yo ap viv.

⁵⁵ Kounye a ann ale nan Bib nou yo nan Zakari 14, chapit 6 ak 7 la, mwen swete li pou yon . . . pou tire nan sa a yon ti kontèks pou sijè ke mwen swete pran an.

E li va rive ke nan jou sa a, p ap gen limyè; p ap gen fènwa:

Men se va yon jou inik ke se SEYÈ a ki pral konnen l, ki p ap ni lajounen ni lannwit: men li va rive, ke nan aswè, limyè ap klere.

⁵⁶ Kounye a mwen vle tire nan sa: *Mesaje Aswè A*, kòm yon kon- . . . pou sijè: *Mesaje Aswè A*. Natirèlman, nou ka gen mesaje pandan tout jounen an, Epi te gen mesaje pandan tout jounen sa a ke Li te pale de yo a, men gen yon Mesaj aswè a k ap vini. E nou vle gade sa aswè a epi on jan nan yon fason tankou lekòl dimanch, pale sou sa yon moman.

⁵⁷ Bon, nou tout konnen de kisa Zakari isi a t ap pale, paske li te di: “Pral gen yon jou ki p ap ni lajounen ni lannwit pou Seyè a; men nan aswè a va gen Limyè.” Bon, si nou konnen li p ap ni lajounen ni lannwit, enben li pral yon—yon—yon jou sonb, yon jou ki gen bwouya.

⁵⁸ E nou tout konnen ke sivilizasyon an te vwayaje soti nan lès al nan lwès. Sivilizasyon ki pi ansyen nou genyen an se Lachin. E sivilizasyon an te vwayaje soti nan lès al nan lwès, paske li swiv solèy la, e kounye a nou rive nètale jouk nan Kòt Lwès la. Si nou al pi lwen, n ap tounen nan Lès ankò, ou wè. Kifè nou nan fen wout la.

⁵⁹ Nou kwè, antan ke Legliz, ke Levanjil la jis prèske konplete. Nou kwè ke gran mesaje yo atravè aj yo, nan dènye jou sa yo, plizyè santèn ane pase, yo te goumen pou gwo bagay sa yo: jistifikasyon pa lafwa, Luther; sanktifikasyon, pa Wesley; batèm Sentespri a, pa Pannkotis yo. Nou kwè ke eleman sa yo pral fòme kò konplè a, tankou natirèl la ak esprityèl la.

⁶⁰ Lè yon ti bebe fèt nòmalman, ki sa ki premye bagay la? Premye bagay li fè soti, se dlo; pwochen bagay la, se san; epi pwochen bagay la, se lavi.

⁶¹ En Jan 5:7 di: “Gen twa ki rann temwayaj nan Syèl la, Papa a, Pawòl la, ak Sentespri a: e twa sa yo se youn.” Yo se Youn; ou pa ka gen Papa a san w pa gen Pitit la, ou pa ka gen Pitit la san w pa gen Sentespri a. Ou wè, yo se Youn. “Men gen twa ki rann temwayaj sou tè a, dlo a, san an, ak Lespri a: e yo dakò nan youn.” Yo pa youn, men yo dakò nan youn. Ou wè?

62 Bon, ou ka jistifye san w pa sanktifye; ou ka sanktifye san w pa gen Sentespri a. Ou wè? Sentespri a se Prezans pwisans Kris la ki abite anndan an, nan Lespri a. Kounye a, nou wè ke natirèl la tipifye espiritiyèl la, alò Legliz la nan matirite konplè li kounye a: jistikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Nou fèk pase atravè Sèt Aj Legliz yo, lakay nou, nan tipifye sa yon bèl fason.

63 Epi, an pasan, èske gen yon moun ki deja tande bann sa yo sou aj legliz yo? Dènye fwa m te trase aj sa yo la sou tablo nwa a, e Papa ki nan Syèl la konnen sa se vre, lè m te konplete sa omye ke m te kapab, anba enspirasyon ke Bondye te ban mwen, Zanj Seyè sa a ke nou wè nan foto a (anpil te wè foto sa, pa vre, Limyè sa?), Li te desann drèt nan sal la, devan apeprè twasan oswa katsan moun, Li te ale dwat sou bò miray la (tankou yon Limyè konsa) epi L te trase aj legliz sa yo Limenm. Nou tout te kanpe la ap gade Li, nou te gade L k ap trase premye aj legliz la, dezyèm lan, twazyèm lan, ak katriyèm lan, senkyèm lan, sizyèm lan, ak setyèm lan.

64 Bon, gen moun ki chita isi a ki te temwen de sa. Leve men nou si se sa. Bib la di: “Nan bouch de ou twa temwen.”

65 Tout moun ki te chita la, t ap rele ak tout lòt bagay, mwen di: “Men li! Kounye a, nou te vle wè Li, tout moun ka gade L drèt.” Onzè nan lajounen, Li te pandye la menm sou miray la, epi Li te desine aj legliz sa yo, jis ki laj ki te gen tan kantite Lespri, epi apre sa fènwa a pou montre ke yo te toufe Lespri a epi L te travèse Aj Tenèb yo epi Li te retounen desann drèt ankò, jis fason m te desine l la. Epi nou genyen li, foto l yo, ak tout bagay ki te desine, pandye sou miray la. Epi li te jis egzaktman la. Sa dwe ke Lespri Seyè a te satisfè ke sa te fini, paske Li te retounen epi L te konfime ke se te vre.

66 E n ap viv nan Aj Legliz Lawodise a, aj legliz rich la ki panse ke yo pa bezwen anyen, e yo pa konnen ke yo toutouni, mizerab, avèg; epi yo pa konnen sa, ou wè. Bon, tout sa yo te prezante an tip.

67 Bon, menm solèy la ki klere nan . . . leve nan Lès la se menm solèy la ki kouche nan Lwès la. Kounye a, ann jis rete yon minit pou mete mesaj sa a nan kontèks li. Nou konnen ke solèy la, sa se s-o-l-è-y, sistèm solè a. Men P-i-t-i-t Bondye a te desann, nan ekla Bondye ak Limyè Bondye a, nan Lès la. E nou te gen de mil an kounye a, ke Seyè a konsidere, Li di: “Se ta yon tan ki pa t ap ni lajounen ni lannwit, jis on jan de jou sonb; men nan tan aswè a va gen Limyè.”

68 Bon, si nou remake, Sentespri a te tonbe sou moun Lès yo an premye. Apre sa nou te gen yon moman pou jis fè nou manm legliz epi regle kèk ti pwèn, ak kèk ti kòz pou goumen pou yo. Men alò nan tan aswè a, nan emisfè Lwès la, va gen Limyè. E nou nan moman sa kounye a! Sivilizasyon an vini tankou yon gwo vag ki soti nan Lès, ap akimile peche tout tan l ap vini, epi li te frape

Kòt Wès la tankou yon baryè son, epi li te fè bak, epi kote ki pi kòwonpi ke m konnen se sou Kòt Lwès la. Nenpòt bagay ke w vle panse a, yo genyen l, peche, koripsyon, divòs, maryaj, Hollywood, twou lanfè a menm! Se egzakteman sa.

⁶⁹ Mwen kwè nan sentete otantik Bib la. E mwen pa kwè nan koripsyon ak bagay pouri sa a ki bay pèp nou an egzanp, yo rele Hollywood la. E m te toujou kont sa. E m panse yon nonm ki gen Lespri Bondye nan li t ap kont sa, paske Lespri Bondye t ap temwaye ba li ke “sa mal”.

⁷⁰ Kounye a mwen panse ke se youn nan... Nou te konn al lòt bò a Pari pou al chache modèl toutouni pou dezabiye fanm nou yo, kounye a Pari vin bò isi a pou pran pa nou yo. Ou wè? Se Hollywood k ap kondwi mond lan. Epi mòd toutouni ke nou genyen jodi a, depase pa Lafrans lan (jis panse a sa!), kote sa ki gen moun sou, tapaj, ak imoralite, epoutan Hollywood depase tout bagay sa yo.

⁷¹ E tout televizyon nou yo, tout bagay yo gen sou li pa sansire, jis blag sal, ak kòripsyon pouri, jis glise antre nan tout bagay. E moun yo, dyab la... Yo pa t ap kite nou voye timoun nou yo nan—nan sinema sa fè plizyè lane de sa, nou menm premye Pannkotis yo, men kounye a dyab la woule nou epi li mete l drèt nan kay la sou nou. Ou wè? Kifè li jis fè sinema antre drèt la.

⁷² Kounye a, e se—se sitèlman yon—yon bagay tèrib pou—pou konstate ke mond lan antre nan koripsyon sa, paske tout rakay la, ou wè, te vini tankou yon vag, li te vini ak sivilizasyon an.

⁷³ Men tout tan... Mwen pral preche youn nan jou sa yo, si Seyè a vle, nan kèk jou, sou *Dekontaj La*. Nou konnen, mwen—mwen espere nou nan òbit, e alò nou—nou jis va wè la a kisa k ap pase. Bondye te kapab fè yon bagay ak Legliz Li, tou, tout tan, ou wè, pandan ke bagay sa yo ap pase. E kounye a nou nan tan lafen an, mèsi Seyè!

⁷⁴ Chak aj te gen mesaj li ak mesaje li. Bondye te veye sou sa. Chak... Menm nan aj legliz yo, nou jwenn ke chak grenn te gen yon mesaje, epi chak grenn te viv aj yo; epi yon lòt te antre, epi grenn sa te pati; epi yon lòt te antre; kontinye ale jouk nan setyèm aj legliz la; chak zetwal, chak zanj legliz la, chak mesaje.

⁷⁵ E nou jwenn, nan dènye aj legliz la, nan Apokalips 10, dwe gen yon son twonpèt, e te gen sèt vwa ki te fè tande yo nan... Yo pa t pèmèt yo ekri yo. Men li te sele sou do Liv la, sèt so yo te sou do Liv la. Apre Liv la fin ekri, alò Li te sele dèyè la a ak sèt so. Bon, pèsonn pa konnen kisa yo ye. Men Li di: “Nan jou setyèm zanj lan t ap sonnen Mesaj li a,” sa se yon zanj *terès*, la a.

⁷⁶ Paske Zanj sa te desann sot nan Syèl; e *sila* a te sou tè a; yon zanj se “yon mesaje,” yon mesaje pou aj la.

⁷⁷ Epi nou remake ke Li te mete pa Li... te gen yon lakansyèl sou tèt Li epi Li te leve men L e Li te fè sèman sou Sila ki vivan

pou tout tan e pou tout tan, ke pa ta dwe gen tan ankò (lè sèt vwa sa yo te fè tandè yo, lè sèt tonè te fè tandè vwa yo). Epi Li te di yo: “Pa ekri, men sele L.” E nou te jwenn se te sou do Liv la.

⁷⁸ “Men lè setyèm zanj lan va fini Mesaj li a, ki te pwofetize pou jou li a, alò mistè Bondye a ta dwe fini,” tout moun konnen Bib la di sa. “Mistè Bondye a, kisa Bondye ye, Kilès Bondye ye, ak tout bagay konsènan chemen pou antre nan batèm lan ak bagay konsa, tout sa ta dwe regle nan jou sa.”

⁷⁹ Chak mesaje te gen mesaj li, epi mesaj la—la ak mesaje aj la. E li trè remakab ke chak mesaje. . . Nou te menm jwenn nan aj legliz yo (e aswè a nou pral retounen nan Ansyen Testaman an epi jwenn ke se menm bagay la) ke Bondye voye mesaje aj sa a nan fen tan an; toujou nan fen an, pa janm nan kòmansman an. Nan fen an!

⁸⁰ Bon, antan laj Luther a t ap fini, alò Wesley te vini. E lè sanktifikasyon Wesley a te rive nan fen li, aj Pannkotis la te vini. Ou wè? Se toujou mesaje a ki louvri nouvo mesaj la nan fen ansyen an. Se nan chak aj ke sa te fèt. Nou konnen ke se laverite.

⁸¹ Sa repete chak fwa atravè Bib la. Nou wè sa nan Ekriti sakre yo, nètale, ke jis nan fen ansyen aj la epi nouvo a vini, aj sa a rive nan fen li epi yon nouvo aj vini, Bondye voye mesaje a.

⁸² E kòm toujou—toujou, chak fwa yon mesaje vini, se toujou yon apèl pou retounen nan Pawòl la, sa pa janm fayi. Sonje, Sa se revelasyon konplè Jezikri a, pa ka gen anyen ki ajoute nan Li oswa ki retire nan Li. Se revelasyon konplè Jezikri a. E sèl fason ke nou ka janm sèten: si yon bagay leve nan mitan nou ki kontrè ak revelasyon sa a, alò li fo. Ou wè? “Retounen rapid nan Pawòl la!” E toujou gen yon apèl pou retounen.

⁸³ E nan chak ka nan Lekriti, chak ka, Bondye itilize yon pwofèt pou rele aj sa pou fè l tounen, toujou. Pa gen èks-. . . Non, pa yon sèl fwa sa te fayi, Li toujou voye yon—yon pwofèt! E bon poukisa Li fè sa? Se paske Bib la di: “Se pwofèt la ke Pawòl Bondye a vin jwenn,” revelatè Pawòl la.

⁸⁴ Kounye a, mwen—mwen—mwen espere ke yo pa mal konprann mwen. Ou wè? Mwen pa vle pou yo mal konprann mwen, men mwen vle onèt epi fidèl ak apèl la. Se sa nou vle ye.

⁸⁵ Bon, Bondye toujou itilize yon—yon pwofèt, yon nonm. Si w itilize yon gwoup nonm, ou gen diferan lide; ou wè, chak nonm, de nonm. Li pat janm gen de pwofèt majè sou tè a an menm tan. Li retire youn, konsa lòt la ka pran plas li pou yon lòt jou, yon lòt mesaj. Li pa janm gen de, Li gen yon sèl alafwa.

⁸⁶ E Bondye enfini an pa janm chanje pwogram Li, Li dwe toujou rete ak sa Li te kòmanse avè l la. Se pou rezon sa nou ka gen konfyans nan sa Li di, Li pa ka chanje. Si Li te sove yon nonm sou baz lafwa li nan Bondye, pwochen nonm lan ap gen pou l sove menm fason an.

⁸⁷ Lè Bondye te fè yon mwayen kote Li te ka kominye ak kreyati Li, Adan te eseye fè yon mwayen pou tèt pa l, li te fè fèy figye pou li ak madanm li, pou fè tabliye. Bondye te rejte sa. E Bondye te deside sou ki pwogram oswa ki baz Li tap rankontre lòm epi kominye avè l, e sa se te san ki te vèsè a. E Li pa janm chanje sa.

⁸⁸ Bon, antan ke Metodis ak Batis, nou ka bay youn lòt lanmen. Men sou baz ant Metodis ak Batis nou pa gen anyen an komen, m ap soutni Batis yo epi w ap soutni Metodis yo, oswa vis vèsà. Men gen yon sèl baz kote tout kwayan ka rankontre, se anba San ki vèsè a. Se la nou rankontre epi mete tout bagay sa yo sou kote. Alò nou tout pa ka antre nan yon sèl òganizasyon, nou pa ka fè sa.

⁸⁹ Ti òganizasyon sa yo, mwen panse ke Bondye te ladan l, tout bagay la. Men moun yo . . . paske nou diferan. Chak nonm wè yon fason diferan, chak moun wè yon fason diferan, pa gen de lespri ki egzaktman menm lan. Pa gen de moun ki pafètman menm lan, yo di; pa gen de nen, pa gen de anprent pous. Ou wè, nou fèt diferan, konsa nou ta dwe gen diferan gwoup.

⁹⁰ Men Bondye toujou travay avèk yon endividi. Li pa sove w paske w se Metodis; Li pa sove w paske ou se Batis; Li pa sove w paske ou se Pannkotis. Li sove w paske Li te trete pèsònèlman avèk ou! E ou sove sou baz sa, ke ou aksepte sa. Kifè se poutèt sa, Bondye, pou L trete avè w, Li pa trete avè w nan lòd legliz Li, Li trete avèk ou kòm yon endividi.

⁹¹ Se poutèt sa lè Bondye te voye pwofèt Li yo, mesaj L yo nan Testaman an, Li te pale ak yon sèl nonm, e nonm sa te dwe pote Mesaj la. Apati de li gen lòt ki te ale, toupatou, ap pote menm Mesaj la. Men te dwe gen yon sèl katye jeneral. Bondye te toujou genyen l. Mwen rekonesan ke Li genyen l aswè a; sa se Sentespri a, natirèlman, nou tout konnen. Kounye a, se pa yon gwoup, men Sentespri a se Katye Jeneral Bondye. Sa se Mesaje Bondye pou lè a.

⁹² Bon, an efè, se pwofèt la ke Pawòl la toujou vin jwenn, si yo se yon vrè pwofèt Pawòl la, Bondye konfime Pawòl Li pa pwofèt sa.

⁹³ Bon, te gen anpil fo pwofèt, nou te genyen yo tout atravè aj yo. Si nou retounen nan Ansyen Testaman an, nou wè yo leve epi pale nan Non Seyè a, e se pat—se pat vre. Bondye pat gen anyen pou L wè ak sa. Li pa janm konfime anyen ke Pwòp Pawòl Li. Li—Li pa t ap dirije biznis Li konsa. Ou wè?

⁹⁴ Jis sonje, Bondye sèlman konfime Pawòl Li! E sèl yon vrè pwofèt se . . . E sèl fason ou ka di si l vrè oswa non, se pa Pawòl la. Se fason sa a pou jije l.

⁹⁵ Kounye a si nou remake, tankou nan epòk lè—lè Miche, te gen katsan pwofèt Ebre ki te kanpe, devan Akab ak Jozafa, epi te di: “ENSI DI SEYÈ A, ‘Ale monte epi w ap gen siksè.’” Fondamantalman yo te gen rezon. Alò yo te rele Miche sou sèn

lan, sila ke yo tout te rayi a. Kounye a, sa te sanble tankou si . . . Kat san (mwèn—mwèn pa vle pale de pwofèt Baal yo) pwofèt Ebre yo te kanpe ak yon sèl akò, epi yo te di: “Monte al nan Ramòt nan Galarad, Seyè a va beni w epi w ap gen siksè.” E mesye sa yo pat ipokrit, yo te enspire absoliman! Men pa yo . . .

⁹⁶ Alò poukisa sèl ti kanmarad sa ki te vini sou non de—de Miche, ki te pitit gason Jimla, epi retounen epi pwofetize kontrè ak yo? Kounye a, sa te pran kran, sa te pran konviksyon. Ou wè? Men kijan l te fè konnen li te gen rezon? Si w te kanpe la, kijan w t ap konnen sa? Sèl fason ou ka fè sa, se pran sa nonm lan di epi konpare l ak Pawòl la. Ou wè? Bon, Miche te egzakteman konfòm ak Pawòl la, paske Eli, gran pwofèt sa ki te gen Pawòl Seyè a, te jis modi Akab ak Jezabèl ak tout bagay. Ou wè? E kijan Bondye te ka vire tounen epi beni sa ki te gen malediksyon sou li a? Ou wè, kifè sa jis pa t ka mache.

⁹⁷ Bon, nou wè ke Bondye konfime Pawòl Li. Pawòl pwofèt la, si l se yon pwofèt, alò se . . . l ap pale selon Pawòl la. Bib la te di yon kote, te di: “Si yo pa pale dapre lalwa ak pwofèt yo, pa gen Limyè nan yo.” Alò li rele . . . Alò mesaje sa a rele pou soti Sila yo ki aple pou soti yo. Se li ki gen rezon pa Pawòl Bondye a, sa pwouve ke li gen rezon.

Remake, remake, kounye a nou pral fè vini kèk pèsonaj epi koute.

⁹⁸ Noye te temwen Bondye pou tan lafen anvan delij la. Kounye a, gade kijan mesaj li a te kontrè ak tout mond anvan delij la. Enben, yo te konsidere nonm lan kòm yon nonm fou. Enben, li . . . Men, poutan, li te gen egzakteman Pawòl Seyè a. Bon, Bondye te di Li “pat ka tolere peche,” kifè Li . . . lè moun yo kòmanse peche, alò Bondye te desann epi Noye te preche mesaj tan lafen an. Kilè sa te ye? Jis anvan tan lafen an, mesaje sa te parèt. Bondye te voye pwofèt sa a ak mesaj la pou tan lafen an. Epi yo te ri l, yo te pase l nan rizib, yo te pase l nan betiz, e se sèlman pwòp fanmi l li te sove. Se vre. Pèsonn pa t vle kwè l. Men li te gen mesaj tan lafen an. Bon, tout sa ki pa t kwè yo te kondane, e sila yo ki te kwè mesaj la te sove. Bondye te ba yo Lavi e yo te sove, e sila yo ki pa t kwè Sa te pèdi.

⁹⁹ Kounye a, m ap tipifye yon bagay. Remake Bondye, kijan Li te fè sa twa fwa.

¹⁰⁰ E twa se nonb pafè Bondye a. Bondye pafè nan twa, tankou, “Papa, Pitit, ak Sentespri,” epi “jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a.” Li pafè, paske *twa se* “pèfeksyon” Li. *Senk se* nonb “lagras.” Sèt se . . . Nonb “adorasyon,” se *douz*. *Karant se* nonb pou—pou “pèsekisyon.” Epi *senkant se* “jibile,” adorasyon. “Lapannkot” vle di *senkant*. Epi, pandan karant jou Moyiz te tante, pandan karant jou Kris te tante, ou wè. Epi tout tip sa yo. Kounye a, Bondye pafè nan twa.

¹⁰¹ Gen twa destriksyon. Youn nan yo, se lè Noye te antre *nan* lach la; dezyèm fwa a, Lòt te *soti* nan—nan Sodòm. Obsève, Jezi te pale de yo: “Menm jan l te ye nan tan Noye a ak nan tan Lòt lan, se konsa l va ye lè Fis de lòm lan va vini.” Obsève! Youn te *antre*, lòt la te *soti*, epi pwochen an *monte*. En-en. Ou wè? En-en. *Antre, soti, monte!* Kounye a, se lòd Seyè a sa. Ou wè, Jezi te refere a de pwofèt sa yo. “Menm jan l te ye nan tan Noye a,” ou wè, “e jan l te ye nan tan Lòt la,” se Abraham ki te pwofèt la, “jan l te ye a, se konsa l va ye lè Fis de lòm lan va vini.” Ou wè, L ap refere a yomenm ankò.

¹⁰² Bon, Moyiz, yon lòt pwofèt, nan fen aj Ejipsyen an. Nou wè ke lè Bondye ta pral delivre pèp Li, epi Ejipsyen yo te sitèlman pèsekite yo, e yo te mete chèf travay sou tèt yo, mèt ki domine sou yo, pito. E alò apre sa jis anvan destriksyon yo, Bondye, kòm toujou, Li te voye yon pwofèt ak Pawòl Seyè a. Sonje, pwofèt la t ap idantifye egzaktman sa Bondye (plizyè santèn lane anvan sa, katsan e kèk lane anvan sa) te pwomèt Abraham, ke semans li t ap rete nan yon peyi etranje, men Li t ap fè yo soti ak yon men pwisan. Nou konnen, nan bwison ardan an lè Moyiz te rankontre Bondye, e Li te di l: “Mwen tande jemisman pèp Mwen an, Mwen wè afliksyon yo, e Mwen sonje alyans Mwen an.” Li sonje Pawòl Li!

¹⁰³ Sonje byen, Li toujou sonje Pawòl Li! Ou wè? Li pa fayi, Li dwe fè menm bagay la chak fwa. Rezon ki fè m ap di bagay sa yo, se pou nou ka kenbe l nan lespri nou epi reflechi, nou menm, menm noumenm moun ki te malad yo. Nou remake mwen di *te* malad.

¹⁰⁴ Bon, remake kounye a, noumenm moun yo tout dwe sonje sa, ke Bondye pa ka chanje! Li se Bondye ki pa chanje a. Tan yo chanje, moun yo chanje. Bondye enfini, Li pa ka chanje! Pa L la . . . Li dwe rete menm lan, ayè, jodi a, pou tout tan, Li dwe toujou rete konsa. E si nou kwè Sa se Pawòl Bondye a, nou ka mete konfyans nou nan tout bagay ke Li di. Ou wè?

¹⁰⁵ Kounye a, nou wè la kòmman mesaj Li a vini, kijan Li voye mesaj Li a. Li pa ka chanje sa, Li te toujou fè l. Li dwe toujou rete menm lan. Se fason sa L ap toujou fè l. Kounye a, sonje, kilè Li fè sa? Jis anvan destriksyon yo, jis nan fen aj la. Se lè sa Li voye mesaj Li pou rele pèp Li a soti, (yo toujou fè yo nan konfizyon), e men yo vini.

¹⁰⁶ Kounye a, nan jou Moyiz yo, kwayan yo te sove, enkwayan yo te peri.

¹⁰⁷ Sila ki te kwè mesaj Moyiz ke Bondye voye a, bon, yo pa t ap fè sa si Bondye pat konfime Moyiz epi pwouve ke Pawòl Bondye a te avè l. Sa te fè l yon pwofèt. Li te soti la epi li di: “Demen, apeprè nan lè sa a, nou pral wè *tèl tèl bagay* rive.” Nan demen, li te rive. Se te tout. Tout vrè pwofèt Bondye ki pale nan Non Seyè a va fè sa. “E sa va rive ke *tèl tèl bagay* pral pase. M pral bò kote

Farawon, men l ap vin di, gen yon kè di. L ap di l ap kite nou ale men li p ap fè l.” E, sa te rive. Ou wè? Poukisa? Alò moun yo te konnen ke Bondye te voye nonm sa a. Epi lè sa yo te kòmanse wè ke Bondye te beni l, e yo te onore li e, lè yo te fè sa, gwo bagay te rive.

108 E moun ki te ri epi te pran plezi epi ki pat aksepte mesaj li a, yo te peri ak rès enkwayan yo.

109 Men kwayan yo te soti epi yo te antre nan tè pwomès la, yo te ale anba mesaj wen mesaje a. Se te yon mesaj delivrans, ke Bondye te pwomèt Li t ap mennen pèp Li nan yon peyi kote lèt ak siwo myèl ap koule. Epi sa te rive, paske Bondye te deja di sa, e Moyiz te vini e li te konfime antan ke mesaje jou sa a.

Bon, sa rann li trè klè pou nou.

110 Trè byen, alò nou wè ke Moyiz te idantifye kòrèkteman.

111 Epi nan chanjman aj la, tan an rive pou. . . ant lalwa ak lagras. Te gen yon tan ki te gen pou vini ke Mesi yo te anonse sa a te dwe vini. Nou wè ke te gen yon tan kote moun yo te defòme lalwa, yo te mete l nèt anba kontwòl yon gwo gwoup moun, e yo te gen tout kalite de—de tradisyon lòm, ke yo te enjekte ladan l. Nan chanjman tan an Jezi te vini, yon lòt Pwofèt, yon Bondye-Pwofèt.

Bon, ou di: “Li pat yon pwofèt.”

112 Bib la di se sa Li te ye. “Seyè Bondye w la va leve yon Pwofèt ki sanble avè m.” Li te Bondye-Pwofèt la, nan chanjman tan an ant lalwa ak lagras, ke yo te pale de Li pandan tout ane sa yo. Apre Li te bay Moyiz lalwa a, apre sa nan chanjman tan an, lè Li te di sa ta pral fèt, alò Li te retounen nan lagras. E Li te voye yon Pwofèt k ap pwofetize pou tan an. Bon—bon, kwayan yo, Li te rasanble yo; enkwayan yo te peri nan jou L la. Tout sa yo ki te kwè nan Li te sove; tout sa yo ki pat kwè mesaj Li a te pèdi.

113 Se egzakteman sa ki te rive nan jou Noye yo; se sa ki te rive nan jou Lòt yo; se sa ki te rive nan lòt jou yo, jou Moyiz yo; se sa ki te rive nan jou Jezikri yo. Paske yo te meprize mesaj la e yo te peri, e sa yo ki te kwè mesaj la te pèdi. . . oswa te sove.

114 Bon, kounye a, apre sa dispansasyon legliz la vini. Nou te viv nan epòk Noye a, sa anvan delij la; nou antre nan dispansasyon lalwa a; apre sa nan dispansasyon gras la, legliz la. Epi kounye a dispansasyon legliz la ap fini. Nou tout konnen sa.

115 Bon, si Bondye te fè *tèl tèl bagay* nan dispansasyon sa, nan de lòt dispansasyon sa yo, Li dwe rete menm lan epi fè menm bagay la nan dispansasyon sa, paske Li te di Li t ap fè l. Mwen pral pwouve l nan kèk minit, pa Pawòl la, ke Li te di Li t ap fè l. Bon, Li pa ka chanje pwogram Li, Li se Bondye. Remake sa Li te fè nan dispansasyon sa yo.

116 Kounye a nou rive nan tan fen dispansasyon legliz la. Se sa mwen li aswè a:

Pral gen Limyè nan tan aswè a.

¹¹⁷ Nou te gen anpil tan sonb, men pral gen Limyè. Menm Pitit la ki te vini e ki te chanje dispansasyon an lè sa a, vini ankò! Sa pral soti sou tè a pou rive nan Laglwa. Nou pral monte nan sa. Yon fwa nou te *antre*, lòt fwa a nou te *soti*, e fwa sa nou pral *monte*! Ou wè? Trè byen: antre, soti, monte. N ap rive nan tan lafen an. E nou pa sèlman ap vini, nou deja rive. Nou nan tan lafen an!

¹¹⁸ Kisa Bondye jwenn nan tan lafen sa a? Bondye jwenn nan tan lafen sa a jis egzakteman sa Li te jwenn nan lòt tan lafen yo: enkredilite! Li te toujou sa, Li, lè Li vini, Li—Li jwenn enkredilite. Li jwenn ke pwogram Li te tabli bay moun yo . . .

¹¹⁹ Anvan la nan epòk Noye a, si yo t ap viv dapre òdonans Li yo, te ofri sakrifis yo . . . Yo te elwaye de sa. Lè L vini, Li te jwenn sa, bagay sa a ap fonksyone mal.

¹²⁰ Menm bagay la Li te fè lè L te vin sou tè a, Li te jwenn moun yo ak Farizyen yo, e latrize, mache dèyè lalwa. Kisa yo t ap fè? Jis pat gen okenn senterite ladan l ditou, yo te jis kontinye epi pase l nan nenpòt ansyen fason, epi “Jis toutotan ke yo te fè yo manm nan legliz la, e se tout sa yo te bezwen.” E se sa Li te jwenn.

¹²¹ E se sa Li te jwenn ankò! Li jwenn menm bagay la, moun yo pa chanje. Kidonk si Li te voye pwogram Li a epi moun ki pa t kwè nan li nan moman sa a te peri, epi moun ki te kwè nan li te sove, (bon, de ka sa yo), fòk se menm bagay la kounye a. Fòk se menm bagay la. Okenn . . .

¹²² Se te toujou yon konba pou mesaj a separe ansyen an ak nouvo a. Se te toujou konba sa, pou—pou mesaj ki vini an pou separe ansyen an ak nouvo a, menm si mesaj la dwe toujou selon Lekriti, an efè, paske chak te anonse davans lòt la ki gen pou vini an.

¹²³ Kounye a, ann pran, pa egzanp, Jezi. Kijan sa te difisil, pou Li antre epi chanje mesaj la sot nan lalwa al nan lagras. Poutan Bib la te di sa t ap vini fason sa, “Gen yon—yon Mesi ki t ap vini, epi sakrifis chak jou a t ap sispann.” E nou konnen sa te pwofetize atravè pwofèt yo. Ala yon gwo bagay sa te ye pou L fè sa. Men nou wè ke Li te fè l. E sila a . . . Li te fè l paske Lekriti te di l, e kwayan nan jou sa a (swadizan kwayan yo) absoliman pat dakò avèk Li.

¹²⁴ Gade Farizyen ak Sadiseyen sa yo, yo te gen pwòp tradisyon pa yo, epi pèsoun pa t ap fè yo devye de yo. Se sa yo te kwè, manman yo te kwè sa, papa yo te kwè sa, epi granpapa yo, granm yo te kwè sa, e “Moyiz te di sa!” Men menm Moyiz ki te bay lalwa a se te menm Moyiz ki te di Neg sa ta pral vini, e yo te echwe pou rekonèt sa paske yo te antre vrè Pawòl Bondye a nan tradisyon e yo te abandone prensip prensipal Li a. E sa te dwe konsa.

¹²⁵ Remake, chak grenn te anonse davans lòt la t ap vini. Chak nan mesaj yo, apre mesaj la, te anonse davans sa t ap vini.

Bon, men moun yo toujou pran mesaj jou ke yo te genyen an, yo òganize l.

¹²⁶ Annou analize l, yon ti kras pi pre nou, ann obsève Luther. Lè Luther te preche jistifikasyon pa lafwa, li te mesaj a, zanj aj legliz sa a, trè byen, nan Aj Legliz Sad la. Bon, remake, lè l te preche, li te mete Literyen yo annòd. Bon, alò, men Luther ki t ap gaye toupatou. E lè Wesley te vini, Aj Legliz Filadèlfi a, ak mesaj sanktifikasyon an, enben, li te difisil pou Luther wè sa. Literyen sa yo pat kwè sa.

¹²⁷ Epi lè Wesley te fè yo tout tabli nan Pèlren Sentete ak Metodis Lib, e latriye, sou sanktifikasyon, epi mesaj Pannkotis la te vini, enben, li te difisil pou yon Metodis kwè sa. En-en, sèten, se sa l te ye. Ou wè, se yon. . .

¹²⁸ Poutan youn pale de lòt la, dapre Lekriti. Enòk te pale de destriksyon k ap vini yo, pa anlèyman li, Bondye te mennen l lakay li; li te yon temwen. Abraham te pale yo de Moyiz. Epi Moyiz te pale de Mesi a. Ou wè, yo kontinye ap pale, youn de lòt la. Mesi te pale de tan sa a, Li te anonse kisa sa ta pral ye!

Ou di: “Ah, Frè Branham!”

¹²⁹ O, wi, Li te fè l! Ann jis. . . Mwen gen anpil Ekriti ki ekri isi a, e mwen pral jis refere a de oswa twa nan yo. Ann pran Matye 24. Kounye a ann pran Matye, chapit 24 la, epi li sa Li te di ki t ap rive, kijan “Nasyon yo t ap leve kont nasyon.” Men, sonje, apre sa Li desann la epi Li di: “Menm jan l te ye nan tan Noye a, e jan l te ye nan tan Lòt la, se konsa l va ye nan vini Fis de lòm lan.” Li te anonse l davans, Li te predi bagay sa yo ta pral rive!

¹³⁰ Li di: “Kounye a, lè tout sa t ap rive, tan an poko la,” elatriye. Men Li te di: “Aprann parabòl pye fig la, lè li jenn epi li pouse branch, ak tout lòt pyebwa yo, alò nou konnen ke ete a pre. Konsa tou, lè nou wè sa rive, nou konnen tan an pwòch, menm nan pòt la.” Kounye a, lè nou wè kisa? Pye fig la ap boujonnen, ak tout lòt pyebwa yo kòmanse boujonnen, se te yon siy. E Izrayèl te toujou pye fig la.

¹³¹ Jowèl te menm pwofetize sou sa: “Sa gazam lan te kite, azil la te devore l epi li te kraze bagay la. Men Bondye te pwomèt: ‘Mwen pral restore, se sa Seyè a di.’” E L ap fè l. Men anvan Li ka restore sa tounen nan eta esprityèl li, Legliz Moun lòt Nasyon yo dwe retire. Li p ap gen de ladan yo an menm tan. Bon, nou pa ka fè Ekriti yo tòde tèt yo konsa. Ou wè? Li pa t janm te gen de temwen an menm tan, temwen majè, e Li pat janm te genyen—Li pa janm. . . Li pa gen de Legliz an menm tan.

¹³² Remake, li. . . Legliz Moun lòt Nasyon yo dwe anlve an premye, pou Jwif yo, apre sa fen Swasanndis semèn Danyèl yo rive. Twa zan edmi Mesi te pwofetize, e apre sa yo te retranche Li, Prens la, nan mitan swasanndizyèm semèn lan. E, alò, gen twa semèn edmi ki rete ankò. E nou jwenn de pwofèt nan Apokalips (Ou wè, Li pa janm chanje manto Li ankò.), nan Apokalips 11,

ki vini epi pwofetize bay Jwif yo. Bon, Legliz la ap gen tan anlve nan moman sa.

¹³³ E nou wè Izrayèl, premye fwa depi plizyè santèn lane, prèske plis pase de mil an, kounye a li vin yon nasyon; li gen pwòp lame li, pwòp lajan li. Izrayèl nan patri a; pwòp nasyon li, pwòp drapo li, li fè pati Nasyonzini yo. Li se yon nasyon! Enben, se youn nan pi gran siy ke nou te ka panse, kounye a menm, Izrayèl nan patri li. E Jezi te di: “Jenerasyon sa a ki wè Izrayèl retounen nan patri li p ap pase jiskaskè tout bagay fin akonpli.” Ou wè, Li te pale de jou sa a.

¹³⁴ Kite m jis bay yon lòt. Nan De Timote 3, Li te pale de legliz la nan tan lafen an, Li te di: “Yo t ap fè kòlè fasil, lògèy t ap gonfle lestonmak yo, renmen plezi plis ke renmen Bondye.” Pran mond legliz la, toupatou, “renmen plezi plis ke renmen Bondye,” yo rete lakay yo epi yo gade yon pwogram televizyon anvan pou asiste reyinyon priyè nan mèkredi swa.

Ou di: “Sa se Batis.”

¹³⁵ Sa se Pannkotis yo! Sèten! Wi, mesye. O! “Fè kòlè fasil, lògèy t ap gonfle lestonmak yo, renmen plezi”; mete Pawòl la drèt anba nen yo, yo p ap gade Li. En-en. “Renmen plezi plis ke renmen Bondye”; di fanm yo yo pa ta dwe koupe cheve yo, yo koupe l kanmenm. En-en. “Renmen plezi plis pase Bondye, moun ki vyole lalwa, moun ki renmen fè fo akizasyon,” entanperan, epi lènmi bon moun. Genyen . . .”

Ou di: “Sa se ate.” Non! Non!

¹³⁶ “Yo gen yon fòm pyete, men yo nye Pwisans li,” Pouvwa ki ka delivre ou anba sistèm mondyal sa a ki ante ou kounye a. “. . . Pwisans li; vire do bay moun sa yo.” Ou pa bezwen okipe sa rès moun yo di, se ou antanke yon endividi devan Bondye, ou dwe reponn. Kèlkeswa sa fanm sa fè oswa fanm sila fè, oswa, nonm sa fè oswa nonm sila fè, oswa, predikatè sa a di oswa predikatè sila a di; se ou menm ak Bondye. “Gen yon fòm,” dapre tradisyon, “men yo nye Pwisans li; vire do bay moun sa yo.” Èske n ap viv nan jou sa a? Nou ladann sèten!

¹³⁷ Gade ankò nan dènye aj legliz la. Sentespri a, Jezi Limenm: “Mwen menm Jezi, mwen voye zanj Mwen pou temwaye de bagay sa yo.” Epi Apokalips, chapit 3 a, ap pale de aj legliz sa, Jezi ap bay temwayaj de sa k pral pase nan dènye jou yo, Li di: “Legliz la pral vin rich, Lawodise, tyèd,” ka jis sote ase lè mizik la ap jwe pou yo rele. Ou wè? Se vre. Men kanta pou yon temwayaj ak yon lavi ki pral pwòp, li lwen de sa.

¹³⁸ Mwen pa . . . Mwen pa t ap fè nou mal pou anyen, men mwen te gen yon vizyon sa pa fè lontan ke m te nan Paradi Bondye a. Mwen ka sèlman di nou Laverite. Bondye, ede nou minis yo pou nou onèt nan bagay sa yo epi di Laverite!

139 Ou wè? "...?...frèt..." Bib la di yo t ap konsa, alò yo pral konsa. Si sa te akonpli pafètman avèk Luther, ke sa te akonpli pafètman avèk... nan Aj Filadèlfi a avèk Wesley, li dwe te anonse l pafètman... Li te anonse l, epi se egzakteman konsa sa pral ye nan Lawodise.

140 "Rich, pa bezwen anyen!" Nou ka mete dè milya dola nan bilding, nou ka mete tout bagay ke tout—ke tout... amizman mond lan, nou ka bati pi bèl legliz yo. Se kòrèk, anyen de mal, sa pafètman kòrèk.

141 Men m ap eseye di, apre sa lè Mesaj la kòmanse ap balanse sou yo, yo pa vle w. "Ou se yon detrake! Ou se yon fanatik! Ou ta dwe viv senkant an de sa." Ou wè? O, ou ka petèt di nan tèt ou: "Mwen pa t ap vle genyen yon pastè konsa." Se pastè w, kanmenm! Jezabèl pa t ap janm admèt sa ke Eli te pastè li, men se sa li te ye sèten. Se sa li te ye sètènman. Yo te voye li, kòm yon egzanp, yon mesaj pou nasyon Izrayèl la. E jodi a presye Sentespri a ak Pawòl Bondye a se yon Mesaje pou legliz la, pou redrese yo epi mennen yo tounen nan Pawòl la. Nou pale de Sa, men nou pa wè pèsonn aj. En-en, ou wè, nou sitèlman konfonn bagay sa yo.

142 Mwen te tande yon moun, tankou nan yon temwayaj, ki di: "Leve L anlè, kijan pou w fè leve L anlè?" Epi, o, yo jis jwenn ti ism! Yon moun di: "'Veye epi priye,' sa vle di kenbe yon je louveri lè w ap priye, gade ak lòt la. 'Veye epi priye.'" (Ebyen, *veye* vle di "veye vini Seyè a," epi lapriyè.) Ou wè, se jis chanje bagay la.

143 Se poutèt sa, avèk tout sa, kisa nou fè? Nou fòme yon ti tradisyon pou pwòp tèt nou (epi apre sa si...) kit li konfòm ak Bondye ou pa. Epi nou soti, premye bagay ou konnen, nou gen yon ti gwoup k ap swiv nou, epi nou rale yo lwen kò prensipal legliz la. Se vre. Olye pou w antre epi priye epi rezoud pwoblèm lan, epi kite kò a avanse, nou fè bagay sa yo kit li konfòm ou pa. Si w gen Laverite, alò rete ak Laverite. Se egzakteman sa. Men kite Verite Bib la pase an premye! Remake, pa... aj Lawodise sa.

144 Epi pwofèt yo, wi, Sentespri a k ap pale atravè Pòl, sa ki vle di Mesi a. Se pat Pòl, se te Kris! "Bondye, nan tan pase yo ak divès mannyè te pale ak papa yo atravè pwofèt yo, nan dènye jou sa pa Jezikri," Ebre 1, remake, Sentespri a, Kris, Levanjil ki santre sou Kris la, Pawòl ki santre sou Kris la. E si Li santre sou Kris, epi li te konfi... Bondye pral konfime ke Li se Laverite.

145 Se pou rezon sa a nou menm moun Pannkotis yo resevwa Sentespri a nan lafwa Metod... fas ak sanktifikasyon Metodis la, paske nou te egzakteman konfòm ak Pawòl la.

146 Se pou rezon sa a noumenm Metodis yo te vin sanktifye lè Literyen yo pa t kwè nan sa, nou te konfòm ak Pawòl la.

147 Se konsa nou menm Literyen yo te sove, jistifye, paske mesaj nou an te preche jistikasyon, epi li te pwoteste kont legliz Katolik ki te yon move mak nan tout bagay. Yo te kwè sèlman

nan legliz la; ou menm, ou te retounen nan Bib la, epi ou te pran verite Bib sa a epi ou te kenbe fèm avè l.

¹⁴⁸ Epi apre sa Wesley te vini ak yon lòt verite, e li te kenbe fèm avè l; Lapannkot la te vini ak yon lòt verite, epi te kenbe fèm avè l; alò si nou ka kenbe fèm ak sa epi wè ke se vre, poukisa nou pa pran tout bagay la nèt ki te pwouve ke li jis? Kwè tout sa nèt!

¹⁴⁹ Kounye a, lè nou wè mesaje sa yo, nou konnen alò. Nou wè Kris, gran Bondye-Pwofèt la k ap anonse davans bagay sa yo ki pou rive nan dènye jou yo. Kisa sa ap fè? Entwodwi sezon rekòt la. L ap prezante tan ke rekòt la pral rekòlte, sa k pral fèt nan dènye jou yo. Ou wè l?

¹⁵⁰ Kounye a, bagay sa yo pral rive nan dènye jou yo. Nou konnen ki kalite rekòt n ap chache. N ap chache yon legliz ki te gen Limyè yon fwa, ki te vire do ba Li, ki te swiv prestij mond lan, manyè trè rafine yo (èske se vre?), li elwaye, li pran nenpòt kalite manm, ak nenpòt bagay, epi rele l Pannkotis, batize nenpòt ki.

¹⁵¹ Dlo pa sove yon nonm. Sa pran San Jezikri. Pa gen Lavi nan dlo. Lavi vini nan Selil San an; sa pran sanktifikasyon pou pirifye lavi sa, pou touye dezi peche a; apre sa Sentespri a antre nan veso pwòp sa yo epi mete yo apa pou travay, pou sèvis. Lotèl la te sanktifye veso a, men . . . se ranplisaj li a ki te mete l nan sèvis. Li te mete apa *pou* sèvis, kounye a li dwe mete nan sèvis. E Sentespri a mete legliz la nan sèvis. Mwen te konn renmen ti chante sa:

Yo te rasanble nan chanmòt la,
Tout ap priye nan Non Li,
Yo te batize ak Sentespri a,
Epi pwisans pou sèvis la te vini;

Wi. E rès la di:

Sa Li te fè pou yo jou sa
Li ka fè menm bagay la pou ou. (Sèten.)

¹⁵² Rekòt la; pwofèt yo; nou te rete la sou Kris. Kounye a nou jis retounen on ti kras.

¹⁵³ Ezayi, pwofèt la, kijan l te temwaye, te pwofetize sou tan lafen an. Li te di: “Tout kò a pral kouvri ak maleng, tout tab yo pral kouvri ak vom!” Poukisa, gason ak fanm jodi a, yo pran kominyon an, alòske y ap viv ak de oswa twa madanm, oswa de oswa twa mari, (se vre) tout kalite de . . . fimen sigarèt, ak tout bagay sa yo; yo antre nan legliz la, yo pran kominyon!

¹⁵⁴ Bon, mwen ta ka ale jis on ti kras pi fon pase sa, men mwen pral jis tann yon moman, petèt li jis pa apwopriye lè sa a. Mwen te santi m jis yon ti kras sou tchèk sou sa m ta pral di a. Men mwen . . . Nou ka li ant liy yo. Nou konnen kisa Bib la di, sa bagay ki kòdyom ak bagay ki pa kòdyòm yo ye.

¹⁵⁵ Tout bagay sa yo nou wè k ap rive lè sa a, e nasyon an . . . lasyans di se . . . kat oswa senk an de sa, “Li minwi mwen twa

minit.” Izrayèl nan patri li. Legliz la nan Lawodise a. O la la! Kisa n ap tann? Kisa k pwoblèm lan?

¹⁵⁶ N ap tann Limyè aswè a. O, m ap mande m, si Li ta vini, si nou t ap rekonèt Li? Oswa èske L t ap pase anlè tèt nou tankou l te fè anvan nan lòt aj yo? Yo pa janm konnen l jouk li deja fin twò ta.

¹⁵⁷ Nou sonje, se te moun relijye sa yo ki te touye pwofèt yo ke yo te voye ba yo a. Jezi te di sa. Li di: “Nou menm ipokrit!” Li di: “Nou dekore tonm pwofèt yo, epi se zansèt nou yo ki mete yo ladann epi bati tonm yo.”

¹⁵⁸ Gade legliz Katolik Women an, yo te dekore tonm Sen Patrik la, yo te dekore tonm pa—pa Jàn Dak la. Yo te touye fanm sa, e yo te boule l kòm yon sòsyè, paske li te espiyèl, paske li te wè vizyon. Yo te boule l sou poto a, kòm yon sòsyè. Desan lane pita yo te detere kò prèt yo epi yo te jete yo nan rivyè a, pou fè penitans, nan konnen ke li te yon sèvant Kris. Men, nan epòk li, yo pa t konnen kimoun li te ye, pandan legliz la t ap kontinye vwayaj li.

¹⁵⁹ E Sa pral pase drèt anlè tèt moun yo e yo p ap janm rekonèt Sa.

¹⁶⁰ Jezi, yo pat konnen Li te Pitit Bondye a jouk Li te mouri epi antere epi resisite ankò. Èske Pyè pat akize yo nan Jou Lapannkot la? “Nou menm mesye ak men mechan yo, nou pran Prens ki bay lavi a, nou touye . . . nou fè L mouri!”

¹⁶¹ O, siyal wouj k ap flache pou anonse vini Li an la a! Amèn! Nou nan fen an. Amèn. Siyal wouj k ap flache sa a toupatou, toupatou: “Ikabòd,” ekri sou li. Tan an fini. Tan an bout!

¹⁶² Lasyans rive nan fen yo. Se vre. Yo fèk envante yon bagay kounye a pou yo ka fè eksploze lemonn antye, tout moun pè vwazen yo. Yo nan tan lafen an.

¹⁶³ Sivilizasyon an rive nan pwen kote moun yo . . . pandil la ap balanse nan direksyon opoze a. Moun yo pa aji tankou moun sivilize. Èske nou te ka imajine yon nonm ki vle pou l yon beatnik, ak moustach li pandye desann *konsa*, pantalon li ki pandye sou ranch li yo, k ap pwomennen debraye nan lakou lekòl la konsa? Entèlijans monn lan ki gen pou vini apre sa, si gen ladan l ankò, y ap fè ti fi katòz an soti, yo deyò nan lari a.

¹⁶⁴ Jodi a, nan motèl mwen an, te gen yon manman ki te lonje deyò la ki pa t gen ase rad sou li pou bouche kanon yon fizi mouskè, epi mari l te kouche la menm fason an, ak van frèt sa. Yo panse kò yo tèlman bèl ke yo dwe montre l. Èske nou pa reyalize ke se dyab la? Se vre. Yo dezabiye retire rad yo, se sèl moun fou ki fè sa. Lejyon te fè l paske li te fou. Remake! E nou genyen sa, men yo rele sa “estil,” yo rele sa “modèn.” Nou rele l “dyab la!” Mwen gen Bib la pou pwouve ke se dyab la. Se posesyon dyab la, posesyon demonyak (se pa opresyon). Posesyon, li genyen

w! Se vre. Pale yo de sa? Yo pral eksploze. Yo pa vle gen anyen pou wè avè l! Non, mesye. Yo gen pwòp lide yo, paske nan mòg pa yo kote yo frekante a yo pa janm reprimande sa. Yo pratike sex appeal nan lekòl ak legliz, epi pastè yo pè reprimande li, yo raman fè sa.

¹⁶⁵ M te tande yon minis lòt jou a, li di: “Lè yo te envante bagay ble sa pou je, ak—ak fa wouj pou bouch, yo te fè yon mond ki pi bèl.” Yon minis Levanjil la, sou chè a, ta fè yon remak konsa, li bezwen yon vwayaj sou Kalvè a. Se vre. Se egzakteman sa, alòske Bib la kondane sa!

¹⁶⁶ Epi yon gwoup Pannkotis te di yon sè ki te vin nan plas la, ap kriye, paske li te penyen cheve l al sou dèyè tèt li, ak cheve long, li di: “Kawotchou rezèv ou a ta ka degonfle.” Li di: “Ou dwe koupe cheve sa yo, paske Bib la di li te gen . . . nan Ezayi, chapit 5, te gen kawotchou won tankou yon lalin.” Bon, kijan Bib la ka di ke “yon fanm fè yon bagay ki pa kòdyòm,” li pa di pou viv avè l lè l koupe cheve l, li pwouve ke li dezonore tèt li, epi cheve long . . . ? . . . Kijan w ka fè Bib la di yon bagay konsa? Ebyen, kisa k pwoblèm lan ak fanm Pannkotis nou yo? Nou gade twòp televizyon! Nou wè twòp nan lemond, e pa gen ase nan Pawòl Bondye a ki enterese nou. Kounye a, Bib la di sa. Se sa Bib la di. Sa se pa mwen, kounye a, sa se Bib la!

¹⁶⁷ O, sex appeal! Sa pa gen lontan, yon dam te di m, mwen kontinye ap fè kòmantè sou moun ki mete chòt sa yo, li te di: “Mwen—mwen mete pantalon.”

¹⁶⁸ Mwen di: “Sa pi mal.” Ou . . . Bib la di sa. Li pa ka chanje.

¹⁶⁹ Ou di: “Sa se Batis yo.” Sa se Pannkotis yo. M ap pale avè nou. Se sa. Se vre.

¹⁷⁰ Men kisa k pwoblèm lan? Kisa k pwoblèm lan? Yon moun te leve baryè yo yon kote. Yon vye zanmi m predikatè te konn abitye di:

Nou leve baryè yo, nou leve baryè yo,
Nou te fè konpwomi ak peche.
Nou leve baryè yo, mouton yo te soti
Men kijan kabrit yo te fè antre?

¹⁷¹ Kisa k pwoblèm lan? Lè nou leve baryè yo, baryè Pawòl Bondye a! Sonje, se te pwogram Bondye pou fòtifye Legliz Li pa Pawòl Li, nan kòmansman an.

¹⁷² E lè Èv te rezone epi l te di: “Ebyen, kounye a, èske se pa rezonab, mwen ka viv jis byen menm jan ak yo . . . ?” Ah! Sa te fè efè.

¹⁷³ E sa te toujou fè efè. Se pou rezon sa a yo te entèdi l pou l yon predikatè. Ou wè, li jis leve baryè yo. Se la (legliz la) rasin li yo te pouse, nan Pannkòt, e se sa rasin yo ye. Pa gen okenn Ekriti pou sa. Ou wè? Bon, kisa nou fè alò? Nou gen menm gagòt ke nou te

genyen anvan la a an Edenn. Remake, kounye a, alò lè nou rive nan Pawòl la, nou di sou Li. . .

174 Pèsonn pa ka reziste kont Sa! Mwen bay nenpòt moun defi pou di l. Lè m te preche sou *Semans Sèpan An*, tèlman anpil moun te fè gwo kolè poutèt sa. Mwen te mande yon nonm pou vin fè fas avè m sou sa. Mwen pa jwenn yo.

175 Nan Chicago sa pa fè lontan, nou gen bann yo, yo te panse yo te pyeje m nan yon bagay. Yo te gen tout Asosyasyon Ministeryèl Gran Chicago a, Frè (Kisa l ye?) Tommy Hicks, Frè Carlson te la. E de nuit anvan sa, Seyè a te reveye m nan nwit, te di: “Al kanpe bò fenèt la.” Mwen t ale, e te gen tanpèt. Li di: “Kounye a, yo gen yon pyèj ki pare pou ou.” Li di: “Nan dejene sa, piga ou pè. Ale, M ap avè w.” Bon, sa se nan Non Seyè a. Nou ka mande yo epi chèchè konnen. Li sou bann, sa te anonse davans: Li di: “Kounye a, pa pè ale, men al kanpe,” Li di, “M ap avè w.”

176 Epi nan demen mwen te rankontre Frè Carlson, responsab chapit lan la a, ak Tommy Hicks. E Li te di m mwen t ap rankontre yo e nou ta pral yon kote ki rele “Town and Country” pou dejene. Mwen te chita la jis egzakteman. Mwen di: “Frè Hicks, ou se yon doktè nan teyoloji e nou pral rankontre yon gwo gwoup minis isi a, asosyasyon Chicago yo a, poukisa ou pa al pale pou mwen? Mwen te fè anpil bagay pou ou.” Mwen te jis ap teste l.

Li di: “O, m pa t ap ka fè sa, Frè Branham.”

177 Mwen di: “Ebyen, poukisa ou pa ale?” Mwen di: “M t ap fè nenpòt bagay pou ou, kounye a poukisa ou pa jis fè sa pou mwen?”

178 Li di: “O, m pa t ap ka fè sa, Frè Branham. Yo pa t ap asepte sa.”

Frè Carlson di: “Non, yo pa t ap fè l.”

179 Mwen di: “Nou konn poukisa.” Mwen di: “Kite m di nou yon bagay, se paske nou, nou toulède, nou konnen ke yo gen yon kesyon pyèj ki pare pou mwen.” Epi mwen di: “Nou genyen l.” Bon, sa sou bann, si nou vle bann lan, nou ka genyen l, nou konnen tout mesye sa yo. Alò m te di: “Avan yè swa, m te wè yon vizyon ke nou t ap chita isi a maten an epi Tommy t ap refize sa.” Mwen di: “Kounye a gade, nou se. . . nou te lwe sal lotèl sa.”

“Wi.”

“Rezèvasyon an te peye sou li.”

“Wi,” Frè Carlson.

180 “Men nou p ap ka kenbe l. Sa se ENSI DI SEYÈ A!”

“Poukisa?”

181 “Nou pral ale nan yon lòt kote. Sa se yon—sa se yon sal vèt; nou pral nan yon sal mawon. Mwen pral nan kwen an; Doktè Mead pral chita adwat mwen; e minis nwa aje sa a ak madanm li

pral chita bò isi a agòch la,” fason egzak sa t apral rive a, tankou sa a. Epi mwen di: “Gade byen kounye a, jis vini. Nou te wè Bondye geri malad yo, gade L nan batay yon fwa!” Mwen di: “Li gran, mèveye.” Mwen di: “Jis obsève kesyon yo epi wè kijan yo tout rete an silans.”

E lè nou te rive la jou maten sa . . .

¹⁸² Si nou vle bann lan . . . Jim, ou genyen l, èske w pat pote l? Drèt isi a, drèt isi a, nou ka gen bann lan si nou vle li, nan reyinyon an.

¹⁸³ Mwen di: “Kisa nou genyen kont mwen? Kisa k pwoblèm lan avèk nou mezanmi?”

¹⁸⁴ Frè Carlson di: “Ebyen, Frè Branham te di m de jou de sa ke nou ta dwe . . .” E yo pa t jwenn bilding lan, yo te anile l. Yo pat ka kite yo genyen l paske yon gwoup mizik te genyen l e yo pa t konnen yo te gen depo sou li, alò yo te dwe anile rezèvasyon Biznismen yo. E petèt nou te tande mesaj la sou li, Frè Williams isi a, epi la a, tou. E—e—e li te di: “Frè Branham te di m egzakteman ki kote chak moun t ap chita, epi li te di m egzakteman sa ki ta pral rive.” Li di: “Yon bagay,” li di, “Mwen . . . yon pakèt nan nou ka pa dakò ak Frè Branham sou Mesaj li, men,” li di, “n ap oblije admèt yon sèl bagay, li pa pè di Li,” alò—alò apre sa li di, “li san perèz avèk Li.” Li di: “Kounye a, se tou pa w, Frè Branham.”

¹⁸⁵ Mwen di: “Bon, anvan nou kòmanse, Mwen vle yon nonm, sou yon bagay ke m te di, pran Bib sa epi kanpe isi a bò kote m.” E se te gwoup ki pi an silans ou te janm tande. Mwen di: “Alò, si nou pa ka soutni l, alò kite m trankil! Wi. Frè yo, mwen isi a pou m mete zepòl mwen avèk nou, men nou dwe retounen sou reyalyte Bib la.”

¹⁸⁶ Li di: “Poukisa pa—poukisa ou pa kite medam sa yo trankil? O, wi, ou se yon . . . moun yo kwè ke ou se yon—yon vwayan Bondye.”

Mwen di: “Mwen pa t janm di sa.”

¹⁸⁷ Li di: “Men moun yo kwè sa.” Li di: “Poukisa w pa—poukisa ou pa kite medam sa yo trankil?” Li di: “Epi sispann pale yo sou fason yo ta dwe abiye epi koupe cheve yo ak bagay yo ta dwe itilize. Poukisa ou pa kite yo trankil? Poukisa ou pa anseye yo kijan pou yo resevwa don epi—epi fè yon bagay pou glwa Bondye?”

¹⁸⁸ Mwen di: “Kijan nan mond lan mwen ka anseye yo aljèb alòske yo pa vle menm aprann ABC yo?” Se vre. Nou dwe retounen nan fondasyon an epi kòmanse.

Bondye, gen pitye pou nou kounye a. Wi, mesye.

¹⁸⁹ Men nou la a, nan tan lafen an! Limyè wouj la la a, ap flache! Vini Seyè a toupres. Wi, mesye. Koute! Mesaj tan lafen an dwe ranpli kondisyon tan lafen an. Kote yo elwaye, Mesaj la ta dwe

fè l tounen. Toujou, Mesaj tan lafen an ranpli kondisyon tan lafen an. Atravè tout Lekriti nètale. Li pral oblije fè l fwa sa, yon apèl pou retounen nan Pawòl orijinèl la. O la la! Tankou lòt mesaj yo te fè l nan epòk pa yo a, Mesaj sa a ap dwe fè menm bagay la. Yo te pwomèt nou sa! Bondye te pwomèt li nan Pawòl Li! Malachi 4, te di ke sa ta pral rive, “Epi restore Lafwa timoun yo tounen bay papa yo.” Sa te pwomèt, e n ap viv nan jou sa!

¹⁹⁰ O, se te toujou konsa, chak fwa, se yon gwoup lidè ki fè moun yo melanje. Se pa tèlman moun yo; se lidè yo ki fè yo melanje. Kounye a annou. . .

Ou di: “O, Frè Branham!”

¹⁹¹ Ebyen, kounye a, jis yon minit kounye a, nou dwe fè pou sa se selon Lekriti. Si se pa Lekriti, alò li pa bon. Pa pawòl sajès yo, nan lidèchip yo ki pa enspire, pawòl sajès monn lan, yo. . . Poukisa, gen kèk nan jeni sa yo ki ka mete sa ansanm, men nou panse ke Satan se pa yon jeni nan domèn sa, tou? Èske li pat, ebyen, apwoche Jezikri epi ba L yon rezon, e l te menm site Lekriti pou Li? Li te fè l! Li se yon jeni nan sa. Men Jezi pat janm diskite avè l, Li di, “Li ekri, tou! Mete w dèyè Mwen, Satan.” Wi, yon lidèchip ki pa enspire.

¹⁹² Gade Kore, nan epòk lè Bondye te voye Moyiz ak mesaj la, e Kore ak Datàn te panse, yo te pwoche al kot Moyiz, epi yo di: “Kounye a, jis yon minit, ou pran twòp sou tèt ou! Ou panse ou se sèl ti wòch sou plaj la; sèl kanna nan ma dlo a, se ou ki sèl la a. M ap fè w konnen gen lòt moun ki sen, tou!” Moyiz pat di yo pat sen. Men li te gen yon komisyon, li te dwe egzekite l. Epi yo te òganize yon gwoup e yo t ap mache kont Moyiz.

¹⁹³ E Bondye te di l: “Al kanpe laba nan pòt la.” Mesye sa yo te gen lansanswa a nan men yo. E nou konnen kisa lansanswa a te. . . fè? Bondye te louvri tè a epi te vale yo. Epi yo te gen dife ki soti nan lotèl la, ladan l. Avèk dife a nan lansanswa a, osi fondamantal ke l te ye a, yo pa t rekonèt mesaj la.

¹⁹⁴ Bondye di: “Mwen voye w la a, Moyiz, pou fè sa. Mennen yo isit la.”

¹⁹⁵ Ou wè, yo pat rekonèt li. Moyiz te “twò dirèk” avèk yo. Tankou Eli te ye, pou Lekòl Pwofèt yo, “twò dirèk,” li te rete ak Pawòl la.

¹⁹⁶ Se sa ki te lakòz nou menm Pannkotis yo separe tèt nou ak rès mond lan, nou te ann akò nèt ak Pawòl la. Kounye a pa deperi nan tounen nan bagay la menm ke n soti ladann lan, n ap devye! Pa koupe lank nou soti sou Kalvè a. Kenbe fèm nan Pawòl Bondye a, paske “Sou wòch sa Mwen va bati Legliz Mwen,” rete avè l.

¹⁹⁷ Kounye a, Datàn avè yo te panse yo te. . . te ka gen lòt nonm. Ou wè, sa se entelijans imen k ap eseye enjekte lide yo nan plan Bondye a. Sa se yon bon bagay. Entelijans imen k ap eseye enjekte

lide yo nan Pawòl Bondye a. Sa p ap mache! Sa p ap mache. Sa pa t janm mache e sa p ap janm mache.

¹⁹⁸ Gade Jezi lè Li te kanpe la, Li di: “Kilès nan nou ki ka deklare M koupab de peche? Kilès nan nou ki ka montre ke M pa t fè egzakteman sa Lèzekriti yo te di M t ap fè a? Mwen deklare Mwen se Mesi a. E si M pa fè zèv Papa M yo, alò pa kwè M. Men si Mwen fè zèv yo e nou pa ka kwè Mwen, kwè zèv ke Mwen fè yo, yo temwaye de Mwen.” Egzakteman. E yo pa t ka kwè sa, yo te vle pwòp fason pa yo.

¹⁹⁹ Petèt se pa sa yo gen entansyon fè pou yo gen tò. Yo pa vle . . . Mwen pa kwè lèzòm vle fè sa, mwen jwenn moun debyen nan gwo legliz denominasyon sa yo, mwen jwenn dèzòm debyen. Men se jan avoka a te di nan radyo a, lè m t ap vin isi a: “Sa ki etranj lan, se kijan manm klèje yo ka kanpe dèyè chè a, epi wè tan sa yo ap vini, san yo pa reveye endiyasyon jis yo a poutèt peche mond lan!” E lè yon avoka dwe leve kanpe epi di sa! “E kijan layik yo te ka itilize lajan yo pou tout kalite zoo ak pak, ak lòt bagay, epi yo pa patwone pwogram misyonè yo, pou pote Levanjil la bay mond lan.”

²⁰⁰ Alòske misyonè yo grangou, san soulye nan pye yo . . . Alelouya. Pa gen okenn denominasyon pou apiye yo, poutèt, pozisyon yo pou Pawòl Bondye a. Pa gen anyen pou apiye yo. Si nou jwenn yo ak yon bagay pou sipòte yo laba a, enben kisa yo genyen? Yon gwo pakèt dògm. Yon vrè misyonè, reyèl, avèk siy k ap swiv li, dwe depann de yon lesivye pou sanble kèk santim pou yo. Remake, men li.

²⁰¹ Yo ka pa vle fè . . . Ebyen, men ki pwoblèm yo? Yo avèg. Jezi te di sa. Sonje, sonje, Jezi te di menm bagay sa. E sanble tankou, jodi a . . .

²⁰² Bon koute, mwen espere ke mwen p ap kritike. Lè w ap etabli yon verite pa—pa santi m ap kritike. M jis ap eseye . . . Mwen—mwen renmen . . . E si nou pa . . . Mwen—mwen zele pou Legliz la. Sa a, petèt yo se legliz Asanble de Dye, oswa kèlkeswa sa li ye a, oswa—oswa mwen—mwen pa konnen kisa li ye. Kisa . . . Sa pa fè okenn diferans pou mwen. Se yon legliz Bondye. Se sa li ye, mwen kwè, se yon legliz Bondye. Ebyen, kounye a, nou tout ta dwe sa, pa legliz denominasyon Bondye, men nou dwe Kreyen nan kè. Legliz Bondye a rete anndan miray yo, pa non an, elatriye.

²⁰³ Bon, jodi a yo bay sa twòp enpòtans, fè w vin manm se tout sa ki konte pou moun yo. Bon, gade Batis yo ki gen yon revèy. O, yo te gen youn. Yo te gen yon eslogan an 44: “Yon milyon an plis an 44.” Mesaj Billy Graham yo ap simaye. Enben, sèten, sa te fè yon gwo bagay. Metodis yo, Batis yo, Presbiteryen yo, se te yon gwo bagay, men kisa nou jwenn?

²⁰⁴ Jezi te di Farizyen yo: “Nou menm lidè avèg pou avèg yo. Nou vwayaje toupatou sou lanmè pou fè yon sèl nouvo konvèti, e li se

pitit lanfè de fwa plis pase li te ye lè l te kòmanse.” E se sa nou genyen jodi a.

205 Billy Graham, lè m te asiste ti dejene li a nan Louisville, Kentucky, li te rive laba a, byen fèm kòm yon evanjelis, li te di: “Mwen pral . . . Pòl di . . . Men egzanp lan.” Li di: “Pòl te ale nan yon vil e li te fè yon sèl konvèti, li te retounen yon lane pita e li te gen trant ki soti nan sila a.” Li di: “Mwen, m ale nan yon vil epi m fè trant mil konvèti, epi m retounen yon lane pita epi m pa ka jwenn trant.” Li di: “Kisa k pwoblèm lan?” E mwen te admire apwòch evanjelis la. Li lonje dwèt li la a, te gen apeprè twasan mesye ki te chita la, li di: “Se akòz noumenm bann predikatè parese.” Li di: “Nou chita nan biwo a ak pye nou lonje sou biwo a, epi nou rele yon nonm nan telefòn, epi nou mande l pou l vini epi—epi fè l manm nan legliz nou. Se nou ki ta dwe al vizite l.”

206 M te chita la, m te panse: “(O Bondye!) Ou konnen, Evanjelis Billy, ou se yon gran òm. M se yon—m se yon moun sòt. Men kite m mande w yon bagay.” M te swete m te ka vire tounen epi di sa; men mwen—mwen—mwen admire frè a, mwen panse li se yon sèvitè Bondye. Men m ta jis renmen di sa: “Alò, Billy, ki jan de predikatè Pòl te genyen pou swiv pa l la?” Kisa k te pase? Pòl pa sèlman kite l leve men l pou l pran yon desizyon, li te mennen l jouk nan batèm Sentespri a, ki mete dife nan nanm li, e li pat ka pe bouch li.

207 Se sa ki pwoblèm lan jodi a, se pou w fè w manm. Wi. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . manm, gwo kantite manm, gwo klas lekòl dimanch, peye pri pou yon moun ki ka fè pwozelit epi mennen yon lòt moun ki sot nan yon lòt legliz, kilès ki gen plis la. Nou konnen, sa se Farizyanis! Epi fè yon gwo dyòlè sou sa: “Nou te bat yo dimanch pase.” Si nou rive nan yon plas kote nou dwe fè legliz Bondye a tounen yon konpetisyon fewòs, alò li lè pou fèmen pòt yo epi al lakay.

208 Legliz Bondye se yon atik vivan Bondye sou latè, k ap manifeste Jezikri. Mwen konnen Li pa popilè, nou pa ka atann nou pou l se sa. Nou espere rete sou bon chemen an.

209 Fè yon gwo dyòlè sou sa . . . Men, èske nou te konnen, gwo bri yo pa t afekte pwofèt Eli. Li te tande dife a ak lafimen ap pase, ak tonè a ak zèklè, epi san an ak lwil, ak tout lòt bagay, sa pat janm deranje l. Nou konnen, Amerik toujou ap chache kèk gwo bagay ak anpil bri ladan l. Men Bondye se “yon ti Vwa trankil” ki atire pwofèt la.

210 Nou konnen, yon charyo te ale nan yon chan yon fwa, e li t ap fè sakad, epi ap fè anpil bri lè l te ale nan chan an. E lè l te retounen, li te pase sou menm sakad yo e li pat janm fè on tikras bri, li te chaje ak bon bagay. Ou wè? Wi.

211 Men nou baze eksperyans nou sou yon pakèt bri. Kijan nou ka fè sa? Kijan nou ka fè bagay sa yo konsa? O la la! Epi mete cham Hollywood la ladan l, fè fanm yo monte sou chè a, ak rad

tèlman sere e ki parèt seksî, k ap danse an espri. Mwen pa konnen ki kalite espri sa ye!

212 Mwen pa vle kritike kounye a, mwen—m se—m se . . . Mwen—mwen renmen nou. Si m pa fè sa, alò Bondye va jije m si m gen nenpòt lòt objektif pase sa. Ou wè?

213 Men nou konprann sa, ou wè. Se la Pannkotis yo te devye. “Nou gen plis pase frè nan kwen an te genyen.” O! “Nou gen plis ke Asanble yo, paske nou se Initè yo, oswa nou se Trinitè yo, e nou se . . .” o, *sesi, sela*, oswa *lòt* la, tout—tout diferan mak ke yo genyen, nou wè. O, frè, sa pa vle di sa pou Bondye. Li trete ak yon endividi. Se vre.

214 Remake, gwo bri, men sa pat atire pwofèt la. Pwofèt la pa t okipe gwo bri yo. Men lè l te tande ti Vwa trankil sa, li te konnen se te Pawòl la, li te vwale figi l epi li te mache soti.

215 Nou konnen, solèy la ka rale plis dlo nan kenz minit, san okenn bri ditou, e nou . . . plis br- . . . e nou fè plis bri nan rale yon galon dlo ke solèy la fè pou yon milyon barik. Se vre. Nou toujou ap chache yon bagay ki fè pouse gwo ak anpil “oura,” ak anpil tapaj. Epi lè li rive sou lefèt pou pran Pawòl la, se la bagay la rive. Ou wè? Yo vini epi yo di: “Enben, se pou Bondye beni, m ap di ou . . .”

216 Mwen te rankontre yon nonm isi a sa pa fè lontan . . . Mwen pa di sa pou m fè sakrilèj, tanpri padonnen m si m ap panse se . . . ap rann li sakrilèj. Mwen te nan yon reyinyon anba tant epi, minis la, yon minis Pannkotis te mennen madanm li al jwe pyano. E lè l te prezante m madanm li, onètman, m te prèske endispoze. Fanm lan te gen cheve vrèman kout, boukle, e li te gen gwo, gwo zanno, ak ase manik sou bouch li, oswa kèlkeswa sa bagay la ye, zong pentire. Sanble li te yon . . . Sa te parèt tèrib; gwo, gwo grif long, epi konsa. Epi li te parèt seksî; ti bout wòb kout sou li, li pa t ka menm kouvri jenou l lè l te chita. Ebyen, m te kanpe la on ti moman, e m te di: “Frè, èske m ap blese santiman w si m di yon bagay?”

217 Li di: “Enben, sètènman pa.” Gason debyen, e li te sanble yon madanm debyen.

Mwen di: “Èske w di madanm ou se yon sen?”

Li di: “Wi.”

218 Mwen di: “Ekskize ekspresyon an, men li sanble yon ‘fent’ pou mwen,” mwen di, ou konnen, “oswa yon bagay konsa.” Mwen di . . .

219 Li di: “Kisa w vle di, Frè Branham?” “O,” li di, “ou fè pati ansyen lekòl la.”

220 Mwen di: “Mwen nan lekòl Lekriti a. Se vre, lekòl Lekriti a.” Mwen pa kwè ke yon sen ajì konsa, mwen jis pa kapab, lè Bib la tèlman kondane sa. Ou wè?

221 Trè byen, sanble, chak fwa, tout bagay nou tandè pale yo, “yo te gen karant desizyon,” “karant kat desizyon,” “nou te gen twasan desizyon.” Ebyen, sa se konfesyon. *Konfesyon* se “pyè.” Se vre, paske Pyè, sou konfesyon li an, yo te rele l “pyè, ti wòch.” Pyè, konfesyon li. Bon, pyè se trè byen, men ki itilite oswa ki valè yon pyè genyen pou yon bilding si pa gen yon vrè mason la a ak yon zouti Pawòl la ki byen file pou koupe yo epi fè yo pitit Bondye? Ou wè? Ki itilite yon konfesyon?

222 Se pou rezon sa a nou retounen epi nou pa ka jwenn trant sou trant mil. Nou jis woule wòch yo soti nan pousyè a, epi woule yo deyò la, e yo poko ajiste pou tanp lan. Yo dwe koupe, mezire ak Pawòl Bondye a, plase anndan la, reyini ansanm, bati sou fondasyon Doktrin apot yo, Jezikri Pyè angilè a. Epi Li di: “Sila ki kwè nan Mwen, zèw ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” Se vre.

223 Kòman nou ka Legliz la lè nou youn meprize lòt? Li di: “Se ak sa tout moun va konnen nou se disip Mwen, lè nou gen lanmou youn pou lòt.” Lè nou fè pwozelit epi divize, epi pou diferans denominasyonèl . . . Mwen pa mete l sou do moun yo, mwen mete l sou do denominasyon an. Se vre. Pa moun yo ditou. Ou wè? O, li tèlman mal, poutan mwen . . .

224 Nou dwe gen zouti byen file sa a, Pawòl Bondye a, pou fòme yo epi fè yo tounen pitit Bilding lan. O la la! Priyè m se: “Bondye, depeche W ak Malachi 4. Ban nou Mesaj la nan dènye jou yo. Ban nou yon moun, voye yon bagay pou sove legliz Pannkotis sa.”

225 Ki jan de mesaj Bondye t ap voye pou nou pou dènye jou sa yo? M ap di nou sa, frè m, sè m, antan ke frè nou ak konpayon sèvis nou k ap tann tan sa a rive, li va menm jan de mesaj ki te vini nan lòt epòk yo. Menm kalite a! Li va mennen legliz la tounen nan Pawòl la. Bondye, pèmèt nou poze yon fondasyon pou sa anvan sa rive isi a. Anvan l vini, annou poze yon fondasyon epi pou nou se wòch, koupe, pare pou kanpe zepòl ak zepòl avè l lè Bondye voye l, paske Li te pwomèt Li t ap fè sa.

226 Kounye a, mwen konnen, mwen santi sa ap retounen. Epi, sonje, avèk yon ti don mwen ka kapte sa ak disènenman espri a, ou wè. Kounye a, nou pa apresye sa, lè m te di Malachi 4. Men kite m di nou yon bagay. Nou di: “Jezikri di: ‘Si w ka resevwa l, sa se Eli ke yo te pale de li a.’”

227 Men si nou wè sa Li te di nan—nan—nan Sen Matye, chapit 11 lan ak vèsè 6 la, “Si nou ka resevwa l, sa se sila yo te pale de li a, epi te di: ‘Mwen voye mesaj M lan devan M.’” Se te Malachi 3, pa Malachi 4.

228 Paske, nan Malachi 4, Li te di: “Anvan jou sa a rive, tè a t ap boule epi moun yo t ap mache sou li; li t ap boule tankou pay.” Se vre. Li t ap pale lè sa a de mesaj a yo t ap voye devan L lan, ki te yon Eli, ki di . . .

229 Mwen—mwen pa kwè nan tout bagay sa yo isi a k ap sikile jodi a konsènan wòb Eli a ak tout bagay sa yo. Mwen . . . Tout

chalatan sa yo dwe vini, natirèlman, pou kontrarye vrè bagay la lè l va vini. Men, kite m di nou, gen yon mesaje ki pral parèt nan fen aj Pannkotis sa a epi fini bagay la. Se va yon nonm. Pa yon gwoup, pa yon denominasyon; men yon nonm. Se te toujou konsa, e Bondye pa ka chanje pwogram Li, Li se Bondye Etènèl la.

²³⁰ Sonje, si mesaje sa (Jan) se te mesaje Malachi 4 la, alò Lèzekriti yo te echwe, paske Li te di: “Li t ap . . . tè a t ap boule tankou pay, e moun jis yo t ap mache sou sann mechan yo.” Kifè li L, epi wè si se pa vre. Ou wè? Men Jezi pa t janm di sa, Li te refere a Malachi 3, “M ap voye mesaje M lan devan M, pou prepare chimen an pou Mwen.” Se egzakteman sa.

²³¹ Bon, men sonje, lòt sa a te dwe restore lafwa timoun yo tounen bay papa yo, restore lafwa timoun yo retounen nan Lafwa papa yo, Bib orijinèl la.

²³² Se egzakteman sa Moyiz te fè. Se egzakteman sa Jezi te fè. Se sa egzakteman chak mesaje te fè atravè Bib la, nan fen dispansasyon sa, yo te retabli mesaj la. Moun yo, atravè òganizasyon ak bagay, te vin gen konfizyon nèt ak tout bagay, nan epòk sa.

²³³ Yo fè menm bagay la jodi a! Kifè n ap tann yon mesaje. (Bondye, voye !!) Èske nou panse n ap resevwa l? Non, mesye! L ap “yon detrake epi yon fanatik,” se sèten, men Bondye va pwouve l. Vrè kwayan an, sila yo ki predestine pou Lavi Etènèl, Jezi te di: “Tout sa Papa a te ban Mwen va vini, e pèsonn pa ka vini sòf si Papa M atire l. E tout sa Papa a te” (tan pase) “ban Mwen, yo va vini.” Se vre, yo te . . .

²³⁴ Mwen pa kwè nan ansèyman Batis sa isi a sou—sou sekirite Etènèl. Mwen kwè l nan yon fason, men mwen kwè ou an sekirite toutotan ou nan Legliz la. Men si ou soti nan . . . soti anba San Jezikri a, ou pa an sekirite. Mwen an sekirite kont lapli a toutotan m anndan isi a.

²³⁵ E lè w batize nan Sentespri a epi ou *di* ou gen Sentespri a, epi apre sa nye Pawòl Bondye a? Ou *di* ou te kwè epi te resevwa Sentespri a, epi nye ke Pawòl la vre? Alò kijan sa ka Sentespri a lè Li te Sila ki te ekri Bib la? Sentespri a renye Pwòp Pawòl Li, di: “Mwen—mwen te antò, ou gen rezon”? Non, se pa Bondye. Non, mesye.

²³⁶ Epe byen file! Seyè, voye yon gwo Mesaj pou nou, se sa n ap tann. Alò, natirèlman, lè l vin ranje wòch sa yo epi koupe yo pou bilding lan, kisa k pral rive? Anpil nan yo p ap sipòte tè Pawòl la. Yo va renmen òganizasyon yo pi plis pase yo renmen Pawòl Bondye a, menm lè nonm sa a konfime Pawòl sa a. L ap yon pwofèt k ap vini nan Non Seyè a, e se va li k ap vin sou tè a. Mwen kwè l.

O, tout moun di: “Se va yon gwoup moun.”

237 Mwen vle yon moun montre m nan Bib la kote se pral yon gwoup moun; Bondye ta brize Pwòp Pawòl Li, Li pa ka fè sa. Non, mesye. Li te pwomèt sa. Se va yon sèl nonm. Epi va gen lòt avè l, natirèlman, dè milye, tout kwayan Legliz yo va avè l, toupatou.

238 Tankou sa te ye nan epòk Noye a, p ap gen twòp nan yo ki sove, paske Jezi te di: “Menm jan l te ye nan epòk Noye a.” Èske nou konn sa? “Menm jan l te ye nan epòk Lòt la,” (konte yo) “se konsa sa va ye.”

239 “Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl Mwen p ap pase.” Ou wè sa m vle di? O, frè, pito nou fè envantè, li ka vrèman pi ta ke nou panse. Petèt nou ka reveye yon jou epi wè ke nou te rate yon bagay. Fè atansyon! Veye, priye, egzamine, chache, pa kite L echape nou. Epi, sonje, lè Pawòl Bondye a preche, Bondye gen obligasyon anvè Pawòl sa a epi L va konfime L.

240 Konn kisa Li te di la, kisa k te rive nan epòk Lòt la? Li di: “Menm jan l te ye nan epòk Lòt la.” Kisa k te pase la jis anvan dife a te tonbe? Kisa k t ap rive ankò jis anvan dife a tonbe, ki kalite mesaj Legliz la t ap resevwa? Se pa Sodòm la a, men Legliz eli a. Jis kenbe twa sa yo: gen Sodomit yo; e te gen Lòt ak gwoup li a, legliz fòmèl la; te gen Abraham, Eli a. Yo toulè twa te resevwa yon mesaj, wi, pa diferan mesaje. Gade ki kalite ki te al jwenn Legliz eli a, kisa Li te fè pou Abraham. Jezi di: “Se konsa l va ye lè Fis de lòm lan va vini.” Kounye a, nou pa ka nye sa, se egzakteman sa Jezi te di. Kifè, natirèlman li pral fason sa.

241 Kounye a, anpil . . . lè Jezi te vini epi L te pote tèl la epi L di: “Fouye Lèzekriti, paske nan yo nou panse nou gen Lavi Etenèl, e se yo ki temwaye de Mwen,” èske yo te ka sipòte tèl la? Non. E nenpòt moun konnen, tout konfesyon wòch ki pa ka sipòte tèl Pawòl la yo va jete yo nan pil fatra a. Li fann, dlo pete, li p ap sipòte tèl la. O, mesye, alò ke yo voye l nan pil fatra a! Bondye te toujou konsidere karaktè olye de nonb yo.

242 M ap fini. Mwen dezole mwen kenbe nou tout tan sa a, mwen pat vize fè sa. Kite m jis yon—yon moman, de, fè dènye remak sa a, apre sa m ap sispann jis nan yon minit. Mwen espere mwen—mwen—mwen te di yon bagay pou ede nou, ou wè, pou fè nou etidye. Ou wè?

243 Bondye te toujou konsidere karaktè, pa manm yo. E jodi a nou fè vis vès. Nou konsidere manm, bon rad, bon peyè, olye de karaktè. Se vre.

244 Elyezè te swe pou fè l, jouk li te jwenn karaktè. Se vre. Ki moun li t ap jwenn? E li te fè Bondye konfyans. Karaktè pou kisa? Karaktè pou Izarak, lepouz la, tip la ki reprezante Legliz. Nou konn sa. Sa se te semans natirèl Abraham lan; sa se Semans Wayal Abraham lan. Ebyen, si Elyezè, mesaje a ki t ap chache lepouz la epi li te eseye jwenn karaktè, si nonm sa vini, yon mesaje nan dènye jou a, l ap eseye jwenn Lepouz pou Kris, li p ap

chache yon manm nan denominasyon. L ap chache yon karaktè ki dispoze.

245 Gade! Bon karaktè dabò, apre sa pou prepare l pou rankontre Izarak. Apre li te fin jwenn karaktè a, alò li te fè l rete trankil ase lontan pou koute mesaj li a konsènan Izarak.

246 Sa se mesaje dènye jou yo, Limyè aswè a, se dabò jwenn Legliz sa (kote yo pral kwè Mesaj la?), chache l. Èske nou konprann sa m ap pale a? Chache kote Legliz sa a ye ki pral menm kite w antre, ki p ap fèmen pòt la nan figi w. Epi lè w fè sa la, alò ou jwenn karaktè. Kounye a si l va rete trankil ase lontan pou di l kijan Lepouz sa dwe abiye! Li dwe abiye. Rete trankil! Si l te ka . . .

247 Gade ti Rebeka a ki t ap koute chak pawòl, ti kè l t ap bat. Li . . . Li—li t ap di manzè. Kounye a, ou te swe pou fè l, “Ki kote m prale?” jouk mwen jwenn karaktè a. Alò lè m jwenn karaktè a, alò fè l rete trankil ase lontan pou prepare manzè pou al rankontre misye. O, la la, ala yon bagay frapan! (M swete nou te gen yon tikras plis tan sou revèy sa.) Pare manzè; se pou l rete trankil pou koute mesaj li a apwopo de li. Elyezè pat pale de tèt li, men li t ap pale de sila ki te voye l la. E li te gen don yo pou pwouve ke se li ki te voye l. Amèn! Li te vle abiye manzè ak bagay sa yo. Nou konn kijan l te pare manzè.

248 Si m te ka jis fè l lave figi l! Ou wè? Nou konnen, mwen—mwen jis te santi m sou kontwòl sou sa, kifè mwen ta fè pi byen pou m rete trankil. Antouka, mwen di ase, nou konn de kisa m ap pale. Dakò, koute, jis rete trankil.

249 Remake, mesaje tan lafen an, travay li se va pou prepare sen yo, Lepouz la pare pou Lepou a. Se va Mesaj li a. Kounye a nou vle aprann ABC pou nou ka etidye aljèb pita? Lè lòt so sa yo sou do a louvri yo va sèlman revele pou yo. Se vre. Aprann ABC an premye. Kisa ki ABC? “Toujou Kwè Kris,” (pa kredo nou), Kris. Ou wè? Kwè sa Li di, pa sa yon lòt moun di.

250 Si li kontrè, si yon nonm di w: “Se kòrèk pou nou koupe cheve nou, fanm yo,” nou konnen l ap bay manti. Bib la di li pa bon. Si l di: “Ou ka dyak epi toujou gen kat oswa senk madanm,” l ap bay manti. Sa kontrè ak Pawòl la. Ou wè? Tout lòt bagay sa yo ke nou pale de yo a, mete l anfas Pawòl la epi wè si se Pawòl kòrèk la.

251 Fè legliz tounen nan Pawòl la. Kounye a, kisa mesaje Malachi 4 sa dwe fè? Retabli Lafwa orijinal la, Lafwa rezirèksyon an. Sa, yo te wè Jezi apre Li te resisite pami mò yo, yo te wè L ap aji nan mitan yo.

252 Yo te dèzòm ki pa t pale anpil. Yo te avanse epi te preche Pawòl la. O, yo te preche lontan, Pòl te preche tout lannwit yon fwa. Ou wè? Yon nonm te tonbe soti nan bilding lan, li te mouri. Li te poze kò l sou li, te fè l retounen nan lavi ankò, ou wè. Ou wè? Ou wè, li te kontinye preche.

253 Bon remake, yo te dèzòm diferan de Doktè an filozofi yo, Doktè an Dwa yo, Q.U.S.T., e nenpòt fason ou vle rele l la, jodi a. Kisa? Separe mesaj a epi . . . Mesaj la, pito, pa mesaj a, va separe kwayan yo ak enkwayan yo. Kèk nan yo va aliye avè L, e kèk p ap fè l. Kèk nan Literyen yo . . . Kèk nan Katolik yo te aliye ak Luther, kèk pa t fè l. Kèk nan Literyen yo te aliye ak Metodis yo, kèk pa t fè l. Kèk aliye ak Pannkotis yo, e kèk p ap fè l. Kèk pral aliye ak Limyè aswè a, kèk p ap fè l.

254 Kijan nou pral konnen si se Limyè aswè a oswa non? Teste l ak Pawòl la (pa jis *yon* Pawòl, *tout* Pawòl la mete ansanm), wè si se vre ou pa. O, kisa ki ladan l? Apre sa si Mesaj sa a pwodui konfimasyon ke Bondye ap akonpli sa Li te di Li t ap fè, epi li aliye ak Pawòl la, alò Pawòl la konfime tankou lòt tan ak lòt pwofesi te fè l.

255 Remake lè Mesaj la . . . lè . . . Remake lè moun yo rejte Mesaj la, epi mesaj a sanble yo bat li konplètman, pa gen lòt pòt ki louvri devan li, pa gen aksè ankò.

256 Tankou Seyè nou an te ye. Sonje, lè Li te . . . O, lè Li t ap geri malad yo, jenn Pwofèt la: “O, la la! Li se yon gwo Kamarad!” “Alo, Rabi, kijan w ye?” Men yon jou Li te chita epi L te kòmanse di yo Laverite. Li te jwenn favè legliz la, pèp la. Plizyè milye te swiv Li. Li te gen swasanndis minis arebò Li, san konte douz yo. Men yon jou apre Li te chanje pen an . . . oswa te chanje an . . . li te multipliyè pen yo, pou pwouve ke Li te Bondye, paske se sèl Bondye ki te fè lapli pen tonbe sot nan Syèl la. Wi. Ou wè? Li te multipliyè pen yo. Epi imedyatman apre sa . . . Li te mache sou dlo a, te fè mirak, e te fè bagay ke Li te fè yo, pou pwouve ke se sa Li te ye.

257 Epi, lè Li te fè sa, Li te chita epi Li te kòmanse reprimande moun yo kareman. Moun yo te vire do yo. Epi swasanndis yo di: “Euh! Kimoun ki ka tandè Sa? Sa se yon pawòl ki difisil. Ou detwi sa nou te reyèlman panse ki te yon lòt bagay. Kounye a, kimoun Ou ye pou di nou bagay sa yo?” Epi yo te pati.

258 Apre sa Jezi te vire bò kote ti gwoup Li a, tankou nan epòk Noye a, tankou nan epòk Sodòm, Li te di: “Nou vle ale, tou?”

259 Alò Pyè te di gwo pawòl sa yo: “Seyè, ki kote nou ta prale?” (Bondye, ede nou.)

260 Remake lè yo rejte Mesaj la e mesaj a sanble yo bat li, se lè sa Bondye antre sou sèn lan, Mesaj li a fini.

261 Noye, (m ap fini kounye a), Noye te preche nan pòt lach li a pandan sanventan, jouk, lè finalman yo te pase l nan rizib, Noye te antre nan lach la an pansan ke . . . se t ap jis kòrèk. Bondye te fèmen pòt la. Epi moun yo te rete tann ozalantou pou yo wè sa k ta pral rive. Pandan sèt jou li te rete la epi li te swe ladan l, e sou setyèm jou a lapli a vini. En-en.

262 Moyiz, nan kisa l te ye? Nan liy devwa li menm, ap dirije pèp la. Lamè Wouj la te bare wout li. Li te nan fen wout li. Se te lè sa ke Bondye te vini ak van Lès la epi te separe lanmè a, nan fen wout la.

263 Se te Danyèl, li te kanpe sou mesaj li a: “Mwen p ap souye tèt mwen ak mond wa sa.” Li te rete fidèl ak Bondye, li te drèt nan fen wout li a, te sanble tankou fen tan pa li te rive, yo te jete l nan twou lyon yo. Bondye te antre sou sèn lan.

264 Epi yon jou maten, lwen laba a nan Babilòn . . . Amèn! Mwen ka gade anlè nan Syèl la, mwen ka wè yon—yon Twòn, ak Zanj ki kanpe toutotou. Nan gade anba isi a nan Babilòn, mwen ka wè yon—yon founo k ap boule. Mwen ka wè twa timoun ki kanpe la, ap di: “Bondye nou an kapab delivre nou.” Ou wè? “Men nou p ap koube devan imaj ou a, paske li kontrè ak Pawòl la.” Ou wè? “Nou kanpe la.”

265 “Trè byen,” wa a di, “monte mach eskalye yo, yo pral boule nou.” Te gen yon mesye byen bati, nan pwent lans sa, men yo monte mach eskalye yo, pazapa, pi cho epi pi cho.

266 Mwen ka wè yon Zanj ki kanpe la, yon sèl, sou kote Twòn lan, ki te pran yon epe epi te rale l soti, li di: “Papa, gade anba la, kisa k ap pase! Kite m desann, m se Gabriyèl, mwen pral chanje sèn nan.”

267 “Remete epe w nan fouwo a, Gabriyèl. Mwen obsève li.”

268 Men yon lòt vini, ki di: “Papa, mwen se Absent, mwen se destriktè ak dlo a. Nan tan anvan delij la, lòm te peche epi te maltrete pèp Ou a, e mwen—mwen te transfòme lemonn antye nan yon glòb dlo. Mwen pral efase Babilòn sot sou kat jeyografik la maten an. Kite m ale.”

269 “Mwen konnen ou ta kapab, Absent, ou se yon Zanj fidèl. Ou wè? Men, Mwen pa ka kite w ale, sa se travay Mwen. Mwen prale, Mwen menm.”

“Ou . . . Èske Ou te wè yo?”

270 “Mwen te obsève yo tout lannwit lan. Mwen te tande reyinyon priyè yo. Mwen te wè pozisyon yo pou Pawòl Mwen. M ap la alè.” O la la! Mwen ka wè L leve epi rad wa Li yo tonbe arebò L, konsa, epi di: “Vin isi a, van Lès, Nò, Sid, Lwès. Pase laba a anba tèt loraj sa, M pral monte nou tankou yon charyo maten an. Mwen pral desann nan Babilòn, Mwen pral chanje sèn nan.” O, frè, Li te la menm alè!

271 Je l sou zwazo madan sara a e m konnen L ap veye m. Li toujou ap siveye aswè a, L ap siveye m, L ap siveye nou. Li te siveye si nou pral kanpe oswa pa kanpe, ki desizyon nou pral pran, si nou va rete fidèl ak Pawòl la oswa nou va elwaye de Li. Li pi ta ke nou panse.

272 Jakòb, sou wout lakay li, te enspire pou retounen lakay li, frè li t ap rankontre l. O, men yon nwit li te lite ak Bondye. Li

te pè rankontre frè l la, men nan demen maten li te yon prens san laperèz, k ap bwete. “Mwen pa bezwen Ezaou ni lame li a, ni youn ni lòt,” Bondye te antre sou sèn lan. Ou wè, Li fè sa yon fason etranj.

²⁷³ Jezi, rejte, apre Li te Pitit Bondye konfime a, Li di: “Si Mwen pa fè zèv Papa M, pa kwè Mwen.” Li te Limyè jounen an (Li toujou Limyè a!), Li te antre sou sèn lan. E moun yo, toutotan Li te ka . . . pen ak pwason ak pen, yo te swiv Li. Men lè Li kòmanse di yo Verite Pawòl la, ki te separe yo, yo te gen pwòp tradisyon yo ke yo te kenbe fèm. Li te kontrè, poutan nou konnen Li te egzakteman avèk Lekriti. Men je avèg mond lan pat ka wè L; ni yo pa wè kounye a, ni yo pa wè nan okenn aj, mwen vle di, nan tout ansanm. Kisa k te pase? Li te sanble tankou yo te bat Li.

²⁷⁴ Nou remake, apati de moman sa menm, popilarite Li te kite L. Kilè? Lè Li kòmanse anonse yo Pawòl la. Lè Li te ka ale epi gen—epi gen sèvis ak kanpay gerizon, tout moun te vle L, “O Rabi, vin bò isi a!” epi: “Rabi, vin isi a!” Men lè Doktrin Li te kòmanse; “O, Ansèyman Ou deranje pèp nou an.” O, mizerikòd! “O, m pa ka genyen W nan legliz mwen an ankò, Rabi, paske, franchman, Ou mete pèp nou an nan konfizyon, Ansèyman W lan tèlman kontrè ak sa nou kwè.” Sa pa chanje. Ou wè? Sa pa chanje. Wi. “M pa ka resevwa W, Rabi!” Poutan Li te konfime, Lèzekriti te pwouve Kimoun Li te ye, poutan yo pat ka kwè Sa.

²⁷⁵ Finalman Li te kontinye jouk nan dènye moman an, lè Satan te panse: “Mwen pran L,” li te krisifye L sou kwa a. Li te deklina, deklina, deklina, deklina, jouk finalman yo te panse ke yo te pran L, mete L nan tonm lan. Men se lè sa Bondye te antre sou sèn lan. Li te leve soti nan tonm lan! Poukisa?

²⁷⁶ Menm bagay la, Pòl, li te di: “Tout . . . Demas te abandone m. Tout moun te abandone m pou Pawòl la.” M pa kwè Demas te konn ale nan nayklèb lannwit ak bagay konsa. Men Demas te vle ale, Demas te yon nonm rich. E li te vle ale ak gwoup popilè a, e konsa li te pati la kote tout rès yo te ale a. Epi Pòl di: “Tout moun abandone m.” Poukisa? Li te rive nan pyè angilè ministè li a; li te prèt pou l fini.

²⁷⁷ Dezi li se te pou l yon mati paske li te touye Etyèn, li te temwen lanmò li epi l te apwouve sa. Li te vle mouri. Lè . . . Agabis, pwofèt selèb sa a, te kanpe bò kote l epi te di l pou l pa monte Jerizalèm, li di: “M konnen pou m pa ale. Men mwen pa sèlman dispoze pou m ale, ale epi mare nan chenn, pou al Jerizalèm, men mwen prè pou m ale epi mouri pou Seyè Jezi.” Kisa l te ye? Li t ap sele ministè li.

²⁷⁸ O Legliz Bondye vivan an, nou te ka pale tout lannwit lan. Kijan nou pral sele Mesaj nou an? Kijan nou pral fè l? Bondye, ede nou pran Pawòl sa, kanpe vanyan. Kite m mouri pa Pawòl la; viv pa Pawòl la, mouri pa Pawòl la. Gaye Limyè a, paske va gen

Limyè nan tan aswè a. Nou nan lè sa a, zanmi m yo. Ann kwè Li, pandan n ap koube tèt nou.

²⁷⁹ Premyèman, m ap ekskize poutèt m kenbe nou tout tan sa a, drèt pandan de zèdtan, inèdtan ak karant senk minit, mwen panse, se egzak. Mwen espere ke anyen pa fè mal. Nou pa vle ofanse pèsonn. Ke, si sa nan pa nou—si sa nan kè nou ak nanm nou, alò nou nan lerè, noumenm, si nou menm minis yo jis di bagay sa yo, frè m yo isi a, mesye sa yo ki ranpli ak Sentespri a. Ou wè?

²⁸⁰ Lè m te sove e m te di pastè Batis mwen an ke m te resevwa Sentespri a, ak tout bagay sa yo, sa yo . . . epi Zanj Seyè a te di m kisa pou m fè, li te di: “Ou dwe te gen yon kochma, Billy.”

Mwen di: “Doktè Davis, mwen te wè yon Zanj.”

²⁸¹ Li di: “O, radòt!” Li di: “Sa—sa vin de dyab la.” Ou wè? O la la, ala sa fè m mal! Li di: “Ou pral preche pou wa ak potanta?”

Mwen di: “Se sa Li te di.”

Li di: “Ak yon enstriksyon setyèm ane?”

Mwen di: “Se sa Li te di.”

²⁸² Li di: “Kimoun ou panse ki pral koute? Ou pral preche gerizon Divin nan yon jou tankou sa, ak tout bon rechèch medikal yo ak bagay sa yo?”

Mwen di: “Se pa pwoblèm mwen pou kantite Golyat ki kanpe la.”

Li di: “Kimoun ou panse ki pral tande w?”

²⁸³ Mwen di: “Si se Bondye ki voye m, ap gen yon moun pou tande m.”

²⁸⁴ Mwen pa t konn anyen sou noumenm lè sa a. E lè m te vin jwenn nou, se te jis tankou mete yon gan nan yon men, m te byen alèz avè nou. Mwen renmen nou. Mwen renmen nou. Mwen renmen frè pastè m yo. Nou panse yon Presbiteryen, Metodis, oswa Literyen, ta louvri legliz yo tankou frè sa fè aswè a, pou nou chita isi a epi preche jan de mesaj sa a? Non, mesye, pa ditou. Sa yo se mesye vanyan ki kwè Laverite. Kounye a aliye ak Pawòl la avèk yo, ou wè, rete lwen bagay lemonn yo.

²⁸⁵ Sè yo, kite cheve nou pouse. Mete wòb nou yo, bèl epi byen ranje. Wont pou nou. Retire penti sa sou figi nou. Ou wè? Nou gen plis Ekriti kont mete penti ke nou genyen kont koupe cheve nou. Se vre. Pa fè l. Pa fè l. Bib la di se yon bagay dezonorab pou yon fanm fè l. Cheve a se glwa li. Kounye a ou di: “Sa se yon ti bagay.” Se kòrèk, ann retire ti bagay yo nan chemen an epi apre nou ka pale de gwo bagay. Ann kòmanse byen dwat.

²⁸⁶ Kounye a, frè m yo. O la la! Kite m di mesye yo yon sèl bagay. Mesye, frè mwen, si w ap kite madanm ou fè yon bagay konsa, mwen wont ou, epi ou pretann ou se yon nonm ranpli ak Lespri. Wont pou ou, ou kite madanm ou ale nan lari a.

287 Epi rad ou tou seksy ak tout bagay konsa, e èske ou konnen ke Bib la di, Jezi di: “Nenpòt moun ki gade yon fanm pou anvi l komèt adiltè avè l”?

288 Ou di: “Bon tann yon minit, frè m, mwen inosan.” Mwen kwè ou menm tou, sè m, ou inosan nan zak natirèl la. Men si w prezante tèt ou epi pechè a gade w, epi ou te prezante tèt ou konsa, kimoun ki koupab? Se ou, poutèt ou prezante tèt ou. Alò nan jou Jijman an, lè pechè sa reponn pou adiltè a, ak kimoun li te komèt li nan kè l? Oumenm! Poukisa? Paske ou te prezante tèt ou. Bon, sa se jis Laverite.

289 Èske w pa vle, èske w pa vle, sè, tanpri, nan Non Jezi, èske mwen ka mande w antan ke frè w, redrese w?

290 Frè, wont pou ou poutèt w ap kondwi kay ou konsa, redrese w. Mwen—mwen gen meye espwa sou ou antan ke yon nonm. Ou wè?

291 Pastè yo ki kite moun sa yo antre, pran dyak ak tout lòt bagay epi ranpli fonksyon konsa, ak de ou twa madanm vivan, ak bagay sa yo, èske ou pa wont, minis? Èske ou pa wont bagay sa yo? Epi fè manm sa yo antre la alòske y ap viv nan adiltè, epi ap fimen sigarèt, epi ap fè tout bagay, epi pa janm menm mansyone sa sou lestrad la. Wont pou ou! Mwen—mwen—mwen priye pou ou, frè.

292 Bondye beni nou. Mèsi pou pasyans nou pou sipòte mwen. Kounye a, mwen mande m . . .

293 Limyè aswè a vini. Limyè aswè a isi a, retounen nan Pawòl la.

294 Kounye a, ak tèt nou bese, kè nou bese, poze tèt nou kesyon sa a: “Èske mwen rive nan nivo Pawòl sa a? Èske mwen rive fè sa?”

295 Priye m, depi sou lestrad la, se: “O Bondye, koupe tout bagay nan mwen ki pa tankou W. O Bondye, wete sa nan mwen.” Nou la isi a nan fen wout la.

296 Dakò, èske nou t ap sensè konsa pou n leve men nou epi di: “Bondye, retire nan mwen tout bagay ki pa tankou W. Fòme m, Seyè, fasonnen m epi fòme m”? Seyè a beni nou.

297 Si gen yon moun ki pa anrèg, epi ki se yon pechè e ki te devye anndan isi a aswè a, epi ki pa t janm aksepte Kris kòm Sovè, oswa yon retwograd oswa yon bagay konsa, e ki vle retounen, yo envite w pou vin kanpe la bò lotèl la. Si w kwè ke Bondye ap tandè priye m yo pou malad yo, mwen kwè L ap tandè m. E oumenm avè m ansanm pandan n ap plase lafwa nou sou Sakrifis la, Jezikri, Pitit Bondye a, epi ofri lapriye, mwen kwè ke Bondye va tandè. Ou envite pou w vini epi kanpe pou lapriye.

298 Kounye a, Papa nou ki nan Syèl la, nou ba W oditwa sa a, pawòl brize sa yo ki te long, Seyè. Menm anpil te vin fatige epi bouke e yo te al lakay yo, e petèt kèk te santi yo on ti jan mal, epi, Seyè, mwen—mwen jis pa ka di kimoun ki nan oditwa a tout tan.

E, apre tou, Papa, Se Pawòl Ou e Ou konnen kè m. Kifè . . . epi mwen . . . Malè pou mwen si m pa fè l. E mwen—mwen dwe fè l, Seyè. Alò mwen priye kounye a ke moun yo ki gen konprann sou Pawòl la va konprann klè, e mwen sèten sila yo ke Ou te rele pou Lavi, ke se pa anyen nan mond lan men yon kè plen ak lanmou pou Bondye ak Legliz Li ke mwen plede bagay sa yo.

²⁹⁹ Papa, prèske tout men isi a te leve pou yon sikonsizyon, pou yo te koupe retire tout sa ki anplis ki pa pou la a. Bondye, ede nou tout. Mwen kanpe dwat avèk yo, Seyè. Mwen se youn nan yo, m ap tann vini jou kè kontan Milenyòm lan lè peche ak lawont va detwi pou tout tan. Epi, Papa, pandan nou nan mond sa nou konnen ke nou sijè a bagay sa yo, nou sijè a lerè, nou sijè a peche, nou toujou ap mache, e poutan nou pa dezire fè sa. Tankou Bib la di: “Piga w dekouraje lè yo reprimande w.” Men mwen priye, Papa, ke reprimand Pawòl la koupe m jis otan ke li koupe rès yo. E mwen priye, Papa, ke yo va konprann li fason sa.

³⁰⁰ Mwen priye ke Ou va beni yo kounye a. E ke sa, jan nou te priye anvan an, Seyè, nou konnen e n ap veye sou sa nou mande a, paske nou pa vle mande mal, nou pa vle mande yon bagay ki jis pou fè mo, paske n ap pale avè W.

³⁰¹ Mwen mande W pou beni ti frè nou isi a ki te louveri pòt li pou mwen vini aswè a. Mwen priye ke Ou va beni legliz li e ke chak manm li yo, Seyè, jis . . . Ke sa vin yon fa, yon plas kote don Bondye yo ap koule epi tout bagay jis ap mache byen.

³⁰² Beni tout minis ki chita isi a, legliz yo. E ke gen yon sekous tèlman, oswa yon son nan pye mirye a, de Lespri Bondye k ap travèse Phoenix, epi k ap mennen legliz yo nan kominyon epi nan—epi nan yon gwo revèy, konsa minis yo p ap kapab preche, poutèt Glwa Bondye; men lè sen yo reyini ansanm bonè nan apremidi, se pou gen kri ak priyè ak temwayaj ak mesaj yo, se pou jis gen yon vrè devèsman Lespri a, nan pwèn ke tout vil la pral atire pou vin, koute. Akòde l kounye a.

³⁰³ Geri malad yo nan mitan nou, Seyè. Ba yo delivrans Divin, Papa, nan Non Jezikri.

³⁰⁴ Kounye a ak tèt nou bese, si gen nenpòt isi a ki vle kanpe drèt bò lotèl la kounye a, e pandan nou gen tèt nou bese, e nou jis pral fredonnen yon ti chante, yon—yon—yon bon, vye chante Levanjil. E nou vle fredonne sa. E lè nou fè sa, si gen yon moun ki vle pou nou priye pou ou, pou yon—yon eksperyans ki pi pwofon, pou resevwa Sentespri a, oswa ou sove epi ou pako sanktifye, oswa kèlkeswa, n ap kontan fè sa pandan n ap fredonnen ti chante sa, *Mwen Renmen L*. E si nou renmen L, ann respekte Pawòl Li kounye a.

Mwen renmen L, mwen renmen L
 Paske Li te renmen m an premye
 E Li te achte sali mwen
 Sou pyebwa Kalvè a.

305 Pandan y ap vini, mwen vle ke chak pran plas yo isi a kounye a. Trè byen, sè.

...renmen L, mwen renmen L
Paske Li...

Vini non kounye a, bò kote lotèl la, nou menm ki vle vini kounye a.

...mwen
E Li te achte sali mwen
Sou Kalvè a...

306 Poukisa kèk nan nou sè ak cheve kout pa vini isi a pou pran yon angajman anvè Bondye? Nou vle m li l pou nou nan Bib la? Trè byen. Nou pa vle vini, di: "Seyè, mwen vle anrèg nan tout bagay, e mwen vle kòmanse dwat. E m vle ale sou wout dwat la epi rete la. Mwen pral pran yon angajman anvè W aswè a, Seyè. Sa pral grandi apati de kounye a?"

307 Bib la di se yon wont pou yon nonm gen cheve long, li sanble ak yon fanm. Bondye te fè de alyans, youn ak Adan e youn ak Èv. Li te abiye yo diferan. Yo diferan, konplètman. Yo te toujou diferan. Gen de alyans drèt atravè Bib la. Mwen ta renmen preche sou doub alyans sa yon jou swa, yon lè, montre nou kisa diferans lan ye. O la la, sa ekstraòdinè. Se menm nan ka maryaj ak divòs nou, si sèlman nou te konnen laverite sou sa, sa t ap regle tout zafè a. Se vre. Trè byen, ankò kounye a, pandan ke nou sèten kounye a. Vini non, nou pa vle?

Mwen renmen L...

Nou bezwen Sentespri a? Avanse, kanpe arebò la.

Paske Li te renmen m an premye
E...

Ou vle yon mach ki pi pwòch avè L? Vini, fè yon ve, kanpe bò kote L epi kenbe l. Sa p ap itil anyen pou fè ve a si w pa kenbe l.

Sou...

Ou ka vin fè ve w. Bondye dwe akonpli l. Jis kenbe ve w la.

308 Kounye a mwen pral mande frè minis mwen yo si nou vle desann bò isit la kounye a, kanpe drèt arebò moun presye sa yo pandan n ap priye isi a menm, pale ak chak moun, mande yo sa yo bezwen kounye a alòske nou isi a.

309 Tout moun jis gen respè otan ke nou kapab. Kounye a, Bondye va onore nou, jis pou nou vrèman gen respè jouk priyè sa a fèt. Nou ka vini drèt arebò a kounye a, anndan isi a, toutotou, anwo epi dèyè moun sa yo ki kanpe isi a pou lapriyè.

Sou pyebwa Kalvè a.

310 Kounye a ankò, pandan gen minis k ap rasanble sou toude bò yo.

Mwen renmen L, mwen...

Mwen renmen wè sa, minis diferan òganizasyon, tout fè youn kounye a; ki anba San an.

Paske Li te renmen m an premye
E Li te achte sali mwen
Sou pyebwa Kalvè a. (O la la!)

³¹¹ Kounye a pwòche, frè yo, drèt al jwenn moun ke w kanpe bò kote l la, mete men w sou yo epi mande yo kisa yo vle nan men Bondye. Se yon moman mèveye sa? Nou konnen, lè m wè sa, gade isi a, minis diferan legliz, ki kanpe toutotou ansanm. Sè yo ki te sou branka yo leve kanpe, yo kite yo, y ale. Lwanj pou Seyè a. Si tèlman rekonesan pou sa, kanpe nan Non Seyè a.

³¹² Kounye a, ke oditwa a kounye a, tout moun bese tèt nou. Nou chak kounye a, nan kè nou, jis pale ak Bondye tankou nou t ap pale avè m; tankou nou t ap vini pou di: “Frè Branham, mwen—mwen. . .” Si w te fè yon move bagay, di: “Mwen regrèt, Frè Branham. Mwen—mwen te fè sa, èske w vle padonnen m pou sa? M ap fè w yon pwomès, Frè Branham, m p ap janm fè sa kont ou ankò.” Kounye a jis chanje non mwen, sot nan mwen, pou al nan Seyè Jezikri nou an.

³¹³ E si w bezwen gerizon, tankou si w ta vin di: “Frè Branham, mwen—mwen razè, mwen pa t gen okenn soupe aswè a, e, wi, mwen konnen si w te gen yon dola ou t ap ban mwen l.” Kounye a, ou wè, ou pa gen pou di Bondye: “Si Ou gen pouvwa gerizon.” Li genyen l, ou wè. Ou ta dwe di m: “Si w genyen l.” Men ou pa gen pou di L: “Si Ou genyen.” Li genyen! Ou wè? Kifè ou va di, tankou: “Frè Branham, èske w ta vle ban m yon dola? Mwen—mwen—mwen bezwen yon bagay pou m manje.” Enben, natirèlman m t ap fè l, nou konn sa. Si m te genyen l mwen t ap ba ou l, nenpòt lè. M t ap gen yon kè terib si m pat fè l. E mwenmenm, etan yon nonm kriyèl, pechè, e m ta gen bon kè konsa pou yon moun tankou w, kisa Bondye t ap fè?

³¹⁴ “Si noumenm mechan ke nou ye nou konn kijan pou bay bon kichòy, konbyen plis Papa nou ki nan Syèl la pral bay Lespri a, a sila yo ki mande L la.” “Si w ta mande yon pwason, èske L t ap ba w yon sèpan? Si w mande pen, èske L t ap ba w yon wòch?” Sètènman pa!

³¹⁵ Enben, si w ta jis mande L nan fason sa, avèk lafwa, si w kwè sa, ou t ap jwenn li nan men L yon milyon fwa pi vit pase w t ap jwenn nenpòt bagay nan men m. E nou konnen m t ap ede nou, m t ap fè tout sa m te kapab. Nenpòt nan frè sa yo t ap fè sa, nou t ap fouye chak santim ki sot nan pòch nou pou ede nou. Nou t ap fè tout sa nou te kapab. Men sa se yon bagay nou dwe kwè pa lafwa.

³¹⁶ Kounye a, nou kwè ke n ap resevwa l pandan n ap priye, epi se pou nou priye, epi se pou oditwa a priye, e mwen kwè ke Bondye va desann epi onore priyè nou an. E minit menm ke nou santi ke nou genyen L, ke Bondye pral reponn priyè nou, alò nou te fè youn

alyans: “Seyè, mwen te fè sa ki mal, mwen p ap fè l ankò. M ap leve men m, mwen pwomèt Ou mwen p ap fè sa,” Bondye va pran nou sou pawòl nou. E jis kwè li fason sa epi tout bagay ap regle. Alò jis leve men nou anlè epi di L mèsì, “Seyè, mwen te fè ve m. E mwen konnen ke se pou Ou, e Ou te pwomèt pou reponn li, e Ou pa ka fayi.”

³¹⁷ Papa nou ki nan Syèl la, nou menm, sèvitè Ou yo, nou kanpe pre gwoup sa a ki te avanse ki bezwen benediksyon W yo ak atansyon Ou nan moman sa. Papa, yo se twofe Mesaj la, Limyè tan aswè a. Anpil nan yo, Seyè, ap konfese. Kèk nan yo dezespereman nan bezwen. Mwen priye, Bondye, ke nan Non Jezi ke W p ap rejte youn nan yo, paske W ap kenbe Pawòl Ou. M ap raple Ou Pawòl Ou, Seyè, tankou Pyè te fè ak disip yo lè yo te priye nan Ak 4, yo te di: “Seyè, sonje Pawòl la! Poukisa nasyon yo ap toumante kò yo konsa epi pèp yo ap fè plan ki p ap sèvi yo anyen?”

³¹⁸ Kounye a, Papa, nou pote Pawòl Ou. Ou di: “Sila ki kwè nan Mwen gen Lavi etènèl. Sila ki vin jwenn Mwen an Mwen p ap mete l deyò. Sila ki tande Pawòl Mwen yo epi ki kwè nan Sila ki te voye M lan gen Lavi Etènèl, epi li p ap vini nan Jijman an men li pase de lanmò a Lavi.”

³¹⁹ O, fè Bondye konnen rekèt nou yo, e Li va reponn nou. Li te avèk abondans. . . “Sila ki va konfese peche l yo va gen padon. Sila ki kache peche l p ap pwospere.” E nou konfese fot nou yo. Mwen konfese fot moun yo. Mwen konfese pwòp fot pa m yo. Mwen mande mizerikòd. Mwen mande gerizon. Mwen mande gras. Mwen mande W pou vide Sentespri a, Seyè, kounye a menm sou moun k ap tann sa yo, ke lavi yo va chanje pou vin yon blòk moulaj Bondye a, epi yo va fòme dapre imaj Pitit Bondye a, konsa Lespri ki te vivifye L la, ki pral antre nan kò yo epi fè yo pitit gason ak pitit fi Bondye. Akòde l, Seyè.

³²⁰ Nou kwè ke Ou prezan. Nou kwè ke W ap onore Pawòl Ou. Nou kwè W ap onore efò Pawòl la. Kounye a voye benediksyon sa yo sou moun sa yo pandan y ap tann Prezans Ou vizite yo isi a nan lotèl la. Nan Non Jezi.

³²¹ Kounye a, si nou kwè, epi kwè nou te resevwa l, leve men nou bay Bondye. Si nou aksepte li kòm yon priyè lafwa ak ve ou pandan n ap tounen vin jwenn Bondye kounye a, leve men nou.

³²² Epi ke oditwa a kanpe. Tout moun, kanpe, ki vle pran yon angajman anvè Bondye, kounye a di: “Mwen kwè L. Mwen aksepte L. Mwen kwè L.”

³²³ Kounye a leve men nou epi ba L lwanj epi tout sa va fini. Glwa pou Bondye! Mèsì, Seyè Jezi, pou bonte Ou ak mizerikòd Ou, e pou tout sa Ou fè pou nou, Seyè. Nou ba Ou lwanj atravè Jezikri. 

63-0116 Mesaje Aswè A
Legliz De Dye Pannkotis
Mesa, Arizona Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org